



Milik Depdikbud  
Tidak diperdagangkan

# **PENELITIAN DAN PENGKAJIAN SERAT HIDAYAT JATI**

**Direktorat  
Kebudayaan**

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN  
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL  
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA**

**1989**



Milik Depdikbud  
Tidak diperdagangkan

# **PENELITIAN DAN PENGKAJIAN SERAT HIDAYAT JATI**

## **TIM PENELITI/PENULIS**

- Konsultan : Prof. Dr. S. Budhisantoso
- Ketua : Ny. Jumeiri Siti Rumijah, BA
- Anggota : Drs. Tashadi  
Drs. Suloso  
R. Sri Djoko Rahardjo  
Rr. Sri Sulansih  
Dra. E. Tri Winarni

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN  
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL  
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA  
1989**

## PENGANTAR

Dalam rangka usaha mengembangkan kebudayaan nasional sesuai dengan amanat UUD 1945 khususnya pasal 32 dengan penjelasannya, maka salah satu sumber yang harus diperhatikan adalah kebudayaan lama dan asli yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah.

Kebudayaan daerah-daerah merupakan sumber potensial bagi terwujudnya kebudayaan nasional yang justru memberikan corak dan karakteristik kepribadian bangsa. Sedangkan untuk mengetahui serta memanfaatkan puncak-puncak kebudayaan daerah harus mengerti benar-benar isi yang terkandung dalam naskah-naskah lama (kuno) yang berisi data dan informasi tentang berbagai peristiwa sejarah serta perkembangan masyarakat, yang tersebar di seluruh nusantara.

Dengan demikian maka untuk menggali kebudayaan daerah-daerah adalah sangat diperlukan data informasi selengkap mungkin sehingga keanekaragaman kebudayaan daerah tersebut dapat mewujudkan suatu kesatuan budaya nasional.

Dalam usahanya ini Direktorat Jenderal Kebudayaan melalui Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara (P3KN) berperan serta aktif dalam upaya membantu pemerintah melaksanakan kegiatan pembangunan nasional di bidang kebudayaan dengan melakukan penelitian, pengkajian serta perekaman dari naskah-naskah lama (kuno) untuk dipahami, dibina, dikembangkan serta disebarluaskan ke seluruh nusantara.

Kepada tim penulis kami menyampaikan rasa terima kasih yang sebesar-besarnya atas loyalitas serta dedikasi yang tinggi dengan penuh pengabdian mencurahkan tenaga dan pikiran demi terwujudnya penulisan ini sebagai unsur penyampaian pesan dan amanat untuk kepentingan negara dan bangsa.


Serat Hidayat Jati merupakan petunjuk-petunjuk atau berupa suatu pengetahuan tentang hubungan manusia dengan agama yang penerapannya lebih bersifat spiritual serta berisi pelajaran tentang nilai-nilai kerokhaniaan yang dapat dipakai sebagai usaha

mencerdaskan manusia dalam menelaah identitas manusia itu sendiri. Di samping itu juga merupakan ilmu pengetahuan yang sangat berguna sebagai suatu perbendaharaan hidup, baik untuk para remaja maupun orang dewasa sesuai program pemerintah dalam rangka membangun manusia seutuhnya.

Kami menyadari sepenuhnya bahwa penelitian ini masih terdapat berbagai kelemahan, namun wujud seperti ini dengan hiba kami persembahkan kepada negara dan bangsa dengan harapan amanat yang terkandung di dalamnya dapat menggugah kalbu, menghayati serta berkenan melaksanakan dan menyebarkan.

Jakarta, Desember 1989

Pemimpin Proyek

A handwritten signature in black ink, appearing to be 'Suloso', written in a cursive style.

**Drs. Suloso**

NIP. 130 141 602

## **SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN**

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional Direktorat Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan telah berhasil mengkaji dan mengungkapkan Latar Belakang Nilai dan Isi Naskah Serat Hidayat Jati Dari Daerah Istimewa Yogyakarta.

Selesaiannya naskah ini disebabkan adanya kerjasama yang baik dari semua pihak di pusat maupun di daerah, terutama dari pihak Perguruan Tinggi, Kantor Wilayah Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Pemerintah Daerah serta Lembaga Pemerintah/Swasta yang ada hubungannya.

Naskah ini adalah suatu usaha permulaan dari upaya penelitian dan pengkajian dari naskah-naskah kuno yang ada di daerah-daerah seluruh Indonesia.


Usaha menggali, menyelamatkan, memelihara serta mengembangkan warisan budaya bangsa seperti yang diungkapkan dalam naskah ini masih dirasakan kurang terutama dalam penerbitan.

Oleh karena itu saya mengharapkan bahwa dengan terbitan naskah ini akan merupakan sarana penelitian dan pengkajian serta kepustakaan yang tidak sedikit artinya bagi kepentingan pembangunan bangsa dan negara khususnya pembangunan kebudayaan.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu suksesnya proyek pembangunan ini.

Jakarta, Desember 1989

Direktur Jenderal Kebudayaan



**Drs. GBPH. Poeger**

**NIP. 130 204 562**

## DAFTAR ISI

	<b>Halaman</b>
KATA PENGANTAR .....	iii
SAMBUTAN .....	v
DAFTAR ISI .....	vi
BAB I TRANSLITERASI .....	1
BAB II TERJEMAHAN .....	89
BAB III KAJIAN DAN ANALISA .....	182
BAB IV KESIMPULAN DAN SARAN .....	194
DAFTAR PUSTAKA .....	196

**BAB I**  
**TRANSLITERASI**  
**HIDAYAT JATI – (Rng. Ronggowarsito)**

**Bab: 1. Warahing Hidayat Jati**

Punika warahing Hidayat Jati, ingkang anedahaken dunung ing pangkating ngelmi makripat medal saking wirayating wiradat wejanganipun para wali ing tanah Jawi, sak sedanipun kangjeng susuhunan ing Ngampel denta, sami karsa ambuka wewi ridan ingkang dados wijining wewejanganipun suraosing ngelmi kasampurnan piyambak-piyambak.

Wiyosipun inggih ugi asal saking dalil, khadis, idjmak, kiyas, kados ingkang sampun kasebut wonten salebeting wiradat, sang kepipun ing murad maksuding wirid sedaya. Menggah pangkatipun satunggal-satunggal kapratelakaken ing ngandhap punika.

Ingkang rumiyin sak angkatan kala jamanipun awaling nagari Demak. Para wali ingkang karsa amejang namung wewolu.

1. Kangjeng susuhunan Girikedhaton. Wewejanganipun: *wisikan ananing dat.*
2. Kangjeng susuhunan ing Tandhes. Wejanganipun: *wedharan wa hananing dat.*
3. Kangjeng susuhunan ing Majaagung. Wewejanganipun: *gelaran kahananing dat.*
4. Kangjeng susuhunan ing Muryapada. Wejanganipun: *pambukaning tata malige ing dalem betal mukaram.*
5. Kangjeng susuhunan ing Benang. Wejanganipun: *pambukaning tata malige ing dalem betal makmur.*
6. Kangjeng susuhunan ing Kalinyamat. Wejanganipun: *pambukaning tata malige ing dalem betal mukadas.*
7. Kangjeng susuhunan ing Gunungjati. Wejanganipun: *panetep santosaning iman.*
8. Kangjeng susuhunan ing Kajenar. Wejanganipun: *sasahidan.*

Inggang kaping kalih, ing sak angkatan malih, kala jaman akhipun nagari ing Demak demugi ing Pajang. Para wali inggang karsa amejang inggih amung wolu.

1. Kangjeng sunan ing Giriperapen. Wewejanganipun: *wisikan ananing dat*.
2. Kangjeng susuhunan ing Darajad. Wejanganipun: *gelaran kahananing dat*.
3. Kangjeng susuhu ing Ngatasangin. Wejanganipun: *gelaran kahananing dat*.
4. Kangjeng susuhunan ing Kalijaga. Wejanganipun: *pambukaning tata malige ing dalem betal makmur lajeng ambabar sagung inggang dados prabotipun amatrapaken panjenenganing dat sedaya, ananging dereng urut ing patrap panggenanipun satunggal-satunggal*.
5. Kangjeng susuhunan ing Tembayat, kalilan dening guru kangjeng susunan ing Kalijaga, amiridaken wewejanganipun: *pambukaning tata malige ing dalem betal mukaram*.
6. Kangjeng susuhunan ing Padesan. Wewejanganipun: *tata malige ing dalem betal mukadas*.
7. Kangjeng susuhunan ing Kudus. Wejanganipun: *panetep san tosaning iman*.
8. Kangjeng susuhunan Geseng. Wewejanganipun: *sasahidan*.

Dene wewejangan inggang sampun kasebat ing nginggil punika, suraosipun inggih nunggil kemawon, amargi sami wewiridan saking pamejangipun kangjeng susuhunan ing Ngampel denta sadaya.

Sareng dumugi ing jamanipun nagari Mentawis, panjeneng anipun Nata inggang sinuhun kangjeng Sultan Agung prabu Anyakrakesuma, wewejangan wolung pangkat wau karsa *kaimpun dalah sak prabotipun pisan*, supados mukamada ing suraosipun sadaya. Punika kababaraken dados satunggal wejangan kemawon. Sasampunipun mupakat kaliyan kawruhing para ahli ngelmi,



kar sa dalem ingkang sinuhun Sultan Agung, lajeng amatah ingkang kalilan amiritaken wejangan makaten wau inggih punika:

1. Panembahan Purubaya.
2. id Juminah.
3. id Ratu Pekik.
4. id Juru Kithing.
5. Pangen ing Kadilangu.
6. id ing Kudus.
7. Pangeran ing Tembayat.
8. id ing Kajoran.
9. id ing Wongga.

Menggah wewejangan ingkang sampun kaimpun dados satunggal wau, wiyosipun saking asal nenukulan bangsaning kitab tasawuf sadaya, urutipun satunggal sasandhan daliling ngelmi, minangka pitedahan anggenipun amratelakaken pangandikan ing Pangeran kang Maha Suci dhateng kangjeng *Nabi Musa Kala molah*, manawi manungsa punika minangka kanyatuhaning Dat kang asipat Esa. Makaten wau ingkang kawedharaken dados witing ngelmi makripat kados wiridanipun para Nabi, para Wali kala ing kina. Lajeng dipun kiyas para pandhita dados bebukaning wewejanganipun piyambak-piyambak. Sareng kaimpun dados satunggal saking karsa dalem ingkang sinuhun kangjeng Sultan Agung ing Mentawis, punika mupakatipun suraosing ngelmi makripat ingkang kawejangaken sadaya. Wekasan ingsalami-lami wejangan wau punika wijang malih, dados sanes-sanesing suraos pangawikan amargi saking kathahipun para wicaksana ingkang dados guru sami ambaraken wiridanipun piyambak-piyambak. Woten ingkang miridaken praboting ngelmi makripat kemawon, malah terkadhang wonten ingkang amedharaken patrap ing ngelmi talek akaliyan ngelmi patah, sapanunggalanipun ingkang ngelmi sorokan sadaya. Mila ing mangke dipun parsudi dhateng kiyai ageng *Muhamad Sirolah ing Kedhung Kol*, ing gih punika sakiduling Kedhung Panganten.

Mawi katengeran ing tahun punika; Rong Sogata Warga Sinuta\*)

---

\*) Sak lebeting sengkalan isi sandi asmanipun ki Pujonggo Ronggawarsita. Pen.

salebeting Alip 1779 kadhawahan ilham rinilan dening Pangeran kang ngakening Murad maksudipun pisan.

Anurut wewejangan wohing pangkat kakumpulaken dados satunggal kados ing ngandhap punika.

Wewejangan ingkang rumiyin dipun wastani: *wisikan ananing dat*. Awit dening pamejangipun kawisikaken ing talingan kiwa, wiyosipun kasebut daliling ngelmi ingkang wiwitan, nu kilan saking sarahing kitab hidayatulkakaik, amratelakaken wangsiti-pun Pangeran kang Amaha Suci dhateng kangjeng Nabi Muhamad Rasulolah, makaten jarwanipun.

Sajatine ora ana apa-apa, awit duk maksih awang uwung durung ana sawiji-wiji, kang adhingin iku Ingsun. Ora ana Pangeran, angin Ingsun.

Sejatine Dat kang Maha Suci ingkang anglimputi ing sipat ing sun, amartani ing asmaningsun, amratani ing apngalingsun.

Menggah dunungipun makaten:

”Inkang binasakaken angandika: ora ana Pangeran a nging ing sun sajatining dat kang Maha Suci punika inggih gesang kita pribadi, sayekti katitipan rahsaning dat Kang Agung.”

”Anglimputi ing sipat punika, inggih rupa kita pribadi, sayekti kawimbuhan warnaning dat kang elok”.

”Anartani ing asma punika, inggih nama kita pribadi, sayekti kaaken pasebutaning dat kang wisesa”.

”Mila bebasanipun wahananing dat punika anyamadi sipat, sipat punika martani asma, asma punika amrantandhani apngal, apngal punika dados wahananing dat”.

Dene dat anggenipun anyamadi sipat punika upami kadi madu lawan manisipun, yekti mboten kening yen kapisahna.

Dene sipat anggenipun anartani asma punika umpami kadi surya lawan sorotipun, yekti boten kening yen kabadakena.

Dene asma anggenipun amratandhani apngal punika upami kadi paesan kang angilo lawan wayanganipun, yekti sak solah bawaning kang ngilo wayanganipun wau tumut kemawon.

Dene apngal anggenipun dados wahananing dat punika, upami samodra lawan ombakipun, yekti wahananing umbak anut saking

rehing samodra. Dados sajatosipun kang anama dat pu nika *tajalin-ing Muhamad*, sajatosipun ingkang nama Muhamad punika *wahananing cahya kang nglimputi jagad*, dumunung ing gesang kita, inggih punika gesang piyambak, mboten wonten kang anggesangi. Mila kawasa aningali, amiyarsa, anggoda, angandika, angraosaken, sakliring rahsa, punika saking kodrat kita sadaya, tegesipun makaten:

Dating Pangeran kang Maha Suci punika anggenipun aningali *tanpa netra*, nanging *mokal manawi wuta*, inggih punika muhung angagem ing netra kita.

Enggenipun miyarsa *tanpa karna*, ananging *mokal manawi tuli*, inggih punika muhung saking angagem talingan kita.

Enggenipun angambet *tanpa grana*, ananging *mokal manawi sumpet*, inggih punika muhung saking angagem grana kita.

Enggenipun angandika *tanpa lesan*, ananging *mokal yen bisu*, inggih punika muhung saking angagem lesan kita.

Enggenipun angraosaken saliring rahsa *tanpa dunungan*, ananging *mokal manawi sonya*, inggih punika *amung dumunung wonten ing pangraos kita*, sampun mawi uwas sumelang ing panggalih, sabab wahananing wahya dyatmika sampun kasarira, tegesipun lahir batine Allah sampun dumunung wonten ing ge sang kita pribadi, Manawi ing bebasananipun sepuh dating manungsa kaliyan sipating Allah, awit dadosing dat punika kadim ajali abadi, tegesipun rumuhun piyambak, kala taksih awang uwung salamini-pun ing kahanan kita, dadosing sipat punika khudusul ngalam, tegesipun anyar wonten kahanan nga lam donya. Ananging sami tarik tinarik, tetep tinetepan. Samukawis ingkang nama dat punika sayekti dumunung wonten ing sipat, sakaliring kang nama sipat punika yekti kadunungan ing dat sadaya.

## **Bab: 2. Wdharing wahananing Dat.**

Wewejangan ingkang kaping kalih dipun wastani: *wedharan wahananing dat*. Awit dening pamejangipun amarahi urutan dumadining dat sipat, wahananipun kasebut ing dalem daliling ngelmi ingkang kaping kalih, nukilan saking warahing kitab dakaikal kakaik. Amratelakaken wang siting Pangeran kang Amaha

Suci dhateng kangjeng Nabi Muhamad Rosulolah, karaos ing dalem rahsa makaten jarwanipun:

Sajatining ingsun Dat kang amurba amisesa kang kawasa anitahake sawiji wiji dadi, ing kono wus kanyatan pratadhaning apngalingsun, kang minongka bebukaning iradatingsun, kang dhingning ingsun anitahake *kayu*, aran *sajaratul ya kin*, tumuwuh ing jroning ngalam adam makdum ajali-abadi. Nuli *cahya* aran *nur muhamad*, nuli *kaca* aran *miratul kayahi*, nuli nyawa aran *rohilapi*, nuli *damar* aran *kandil*, nuli *sesotya* aran rahsa, nuli *dhidhing jalal* aran *kijab*, iku kang minongka warananing kalaratingsun.

### **Menggah dunungipun makaten:**

1. *Sajaratul yakin* tumuwuh wonten ing salebeting alam makdum ajali abadi, tegesipun kajeng sejati tumuwuh ing jagad sonya ruri taksih awang uwung, salaminipun ing ka hanan kita punika kakekate dat mutlak kang kadim, teges ipun sajatining dat kang amasthi rumuhun piyambak, ing gih punika dating atma, dados *wahananing alam wakhadiyat*.
2. *Nur muhamad* tegesipun cahya kang pinuji, kacariyos ing kadis warniningpun kados peksi merak, wonten ing dalem sasotya kang pethak dumunung ing irah-irahing saja ratul yakin, punika kakekating cahya, ingaken tajalining dat wonten salebeting nukat gaib, minongka sipating atma, dados *wahananing alam wahdat*.
3. *Miratulkayai*, tegesipun kaca wirangi, kacariyos ing kadis dumunung wonten sangajenging nur Muhamad, punika kakekating pramana, kang angaken rahsaning dat, minongka asmaning atma, dados *wahananing alam wakadiyat*.
4. *Rahilapi*, tegesipun sasandhaning nyawa, inggih punika nyawa kang awening, kacariyos ing kadis asal saking nur Muhamad, punika kakekating sukma kang ingaken kahananing dat, minongka apngaling atma, dados *wahananing alam arwah*.
5. *Kandil*, tegesipun dilah, inggih punika dilah tanpa latu, kacariyos ing kadis awarni sesotya kang mancur mancorong guman-tung tanpa canthelan, ing riku kahananing nur Muhamad,

sarta enggen pakumpulaning roh sedaya, punika kakekating angen-angen ingkang ngaken wawayanganing dat, mi nongka embananing atma, dados *wahananing alam misal*.

6. *Darah*, tegesipun sesotya, kacariyos ing kadis darbe sarot monca-warni, sami kanggenan malaekat, punika kakekating budi kang angaken papaesaning dat, minongka wiwaraning atma, dados *wahananing alam ajsam*.
7. *Kijab, winastan dhindhing jalal*, tegesipun warana kang agung, kacariyos ing kadis medal saking sesotya kang amonca warni, ing nalika mosik anganakaken tigang warana: 1. uruh, 2. kukus, 3. toya, punika kakekating jasat, kang ingaken warananing dat, minongka sasandhaning atma, dados *wahananing alam insan kamil*.

Menggah pratelanipun saking ajmak kiyas, papangkatananing dhindhing jalal kang awarni uruh, kukus, toya, sami dados nigang warana malih, kasebut ing ngandhap punika.

Ingkang rumiyin uruh, amedalaken tigang pangkat.

1. *Kijabkisma*, dados wahyaning jasad ing jawi, kulit daging sapanunggilanipun.
2. *Kijabrukmi*, dados wahananing jasat ing nglebet, kadosta: utek, manik, manah jantung sapanunggilanipun.
3. *Kijabretna*, dados wahyaning jasad kang alembat kadosta: mani, erah sungsum sak panunggilanipun.

Ingkang kaping kalih kukus angedalaken tigang pangkat.

1. *Kijab pepeteng*, dados wahananing napas sakpanunggilanipun.
2. *Kijab guntur*, dados wahananing pancadriya.
3. *Kijab latu*, dados wahananing nafsu.

Ingkang kaping tiga toya angedalaken tigang pangkat.

1. *Kijab ebum toya gesang*, dados kahananing sukma.
2. *Kijab nurasa*, dados kahananing rahsa.
3. *Kijab nurcahya*, ingkang sakalangkung padhang, dados kahananing atma, sadaya punika warananing dat sami dumunung wonten ing insankamil, tegesipun kasampurnaning ma nungsa.

Sampun sumelang malih sabab kahaning khalarat kadosta; bale ngaras kursi, loh kil makful, kalam, traju wot siratal mustakim,

swarga naraka utawi saniskaraning dumadi kadosta; bumi langit sak isen-isenipun sadaya punika sampun kawengku woten salebeting warana, sina madan dening dat kita kang Maha Agung, gume-lar dados kaelokaning sifat kita kang esa, anartani ing purbaning atma kita kang wisesa, amratan dhani ing kawasaning apngal kita kang sampurna.

Dene panimbangipun ingkang sampun kasebut ing nginggil sadaya wau, manawi amendhet kekiasan saking murad maksuding kitab Bayan alip, menggah ing suraosipun inggih anunggil misah kemawon, kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

1. *Alip* punika *lahiring sifatolah*, kayektosan wonten ing wujud kita pribadi. Sumondha ing alam *kabir*, dados kahananing nukat, tegesipun *musthika*, ingkang binasakaken *musthika menika budi*.
2. *Nukat*, punika *lahiring budi*, sumondha ing *alam sahir*, dados kahananing darah, tegesipun *retna*. Inggih binasakaken *retna* punika *jinem*, winastan *angen-angen*, amratandhani *gesanging budi*.
3. *Darah* punika *lahiring jinem*, sumondha ing *budi*, dados kahananing roh, tegesipun *sukma*. Inggih binasakaken *sukma* punika *nyawa*, amratandhani *gesanging angen-angen*.
4. *Roh* punika *lahiripun sukma*, sumondha ing *angen-angen*, dados kahananing sir, tegesipun *rahsa*, ingkang binasakaken *rahsa* punika *pangraosing babahan hawa sanga*, amratandhani *gesanging nyawa*.
5. *Sir* punika *lahiring rahsa*, sumondha ing *sukma*, dados kahananing iman, tegesipun *tosa inggih punika pramana*. Inggih binasakaken *pramana* punika *sangkeping pancadriya*, amratandhani *gesanging rahsa*.
6. *Iman* punika *lahiring pramana*, sumondha ing *rahsa*, dados kahananing nur, tegesipun *cahya*, ingkang binasakaken *cahya* punika *sulaking netya*, amratandhani *gesanging pramana*. Dene *pramana* punika *amisesa ing sarira*, nunggil sasanak kaliyan *rahsa sami dumunung salebeting jiwa*. Ngibaratiipun

kados simbar tuwuh ing wreksa, ananging mboten tumut anandhang saniskara, arip, luwe ing sakpanunggilanipun, mboten kalabetan. Amung manawi anandhang saliring kasakit-an punika tumut kaleson, terkadang.ging gang saking sasana. Manawi ngantos ginggang kagingsiran pramana, sarira lungkrah temahan angalumpuk mboten darbe karkat, upami sirna karkating sarira kanton karkating sukma, sirna karkating sukma kantung karkating rahsa, sirna karkating rahsa kanton karkating pramana, sirna karkating pramana kanton pranawa jati, sirnaning pranawa jati kanton karkating atma sajati.

7. *Nur* punika *lahiring cahya*, winastan pranawa jati, sumondha ing pramana, dados kahananing duryat, tegesipun padhanging cahya. Ingkang binasakaken *padhanging cahya* punika *purbaning atma sejati*.
8. *Duryat* punika *lahiring atma sejati*, sumondha ing cahya, dados kahananing dat, tegesipun kontha. Ingkang binasakaken *kontha* punika *jenggereng sipat sejati*.
9. *Dat* punika *lahiripun sipat sejati*, dados kahananing nukat-gaib, tegesipun musthika ginaib. Ingkang binasakaken *nukat-gaib* punika *kanyatahaning rupa sajati*, sinenger wonten ing alam sahir. Gesang piyambak mboten wonten kang nggesangi, isbatipun tanpa antawis kaliyan gesang ing sukma sejati, tetunggilan sasana mboten pisah salaminipun.
10. *Nukat gaib* punika *lairing rupa sejati*, sumondha ing dat sejati, dados kahananing cahya gumilang tanpa wewayangan, inggih punika *tajalining Pangeran kang asipat Esa*, tegesipun sipat satunggal. Ingkang binasakaken sipat satunggal punika dede jaler dede estri, dumunung wonten ing kodrat wiradat kita pribadi. Tegesipun saking kawasaning karsa kita piyambak, sampun uwas sumelang malih.

### **Bab: 3. Gelaran kahananing Dat.**

Wewejangan ingkang kaping tiga dipun wastani *gelaran kahananing dat*. Awit dening pamejangipun ambabar ing kang dados

kanyatakan anasiring dat sipat, inggih punika nalika Pangeran kang Maha Suci karsa amujudaken sipatipun, gumelar kahanani-pun, kasebut ing daliling ngelmi ingkang kaping tiga, nukil saking kitab Bayanumirat mupakat kaliyan kitab Bayanalip, kitab Makdinilasar, kitab Makdinilmaklum, inggih punika bangsaning kitab tasawuf sadaya. Sami amratelakaken wangsiting Pangeran kang Maha Suci dhateng kangjeng Nabi Muhamad Rosulolah, Karaos ing dalem rahsa makaten jarwanipun.

”Sajatine manungsa iku rahsan ingsun, lan ingsun iki rahsaning manungsa. Karana ingsun anitahake Adam asal saka anasir patang prakara; 1 bumi, 2 geni, 3 angin, 4 banyu. Iku dadi kawujudaning sipatingsun. Ing kono ingsun paringi mudah limang prakara; 1 nur, 2 rahsa, 3 roh, 4 napsu, 5 budi. Hiya iku minongka warananing wajah ingsun kang Maha Suci.”

### **Menggah dunungpun makaten:**

Mudah punika dating kawula, wajah punika dating gusti kang asipat langgeng. Kacariyos ing kadis, panjinging mudah gangsal prakawis wau wiwit saking embun-embun kendel wonten ing uteg, lajeng tumurun dhateng netra, lajeng tumurun dhateng karna, lajeng tumurun dhateng grana, lajeng tumurun dhateng lesan, lajeng tumurun dhateng jaja, lajeng sumarambah dhateng ing jasat sadaya, sangkepipun jumeneng insan kamil asipat rupa sejati. Isbatipun kados ingkang kasebut wonten salebeting kitab Bayanumirat amarah saking pangandikanipun Sultan Ngeb ing Madyan kajarwakaken makaten.

Sajatining dat punika dados tuladhanaing sukma sejati, sukma sejati punika dados tuladhaning sipat sejati, sipat sejati punika tuladhaning rupa kita pribadi. Sampun uwas sumelang malih, sabab kahananing manungsa menika saking duryat, wahananing duryat punika saking cahyaning dat, sajatining dat punika dumunung gesang kita pribadi.

Menggahing panimbangipun manawi amendheti kiyasan saking murat maksuding kitab Insan kamil, suraosipun inggih nunggil misah kemawon kados ingkang kapratelaka ken ngandhap punika.



1. Kulit punika embaning daging, dados kahananing wujud.
2. Daging punika embaning erah dados wahananing sipat.
3. Erah punika embaning roh, dados laksananing ketek.
4. Roh punika embaning rahsa, dados wahananing napas.
5. Rahsa punika wawayanganing nur muhamad, ingkang winastan pranawa sejati.
6. Nur muhamad punika wawayanganing akyan sabitah, ingkang winastan atma sejati.
7. Akyan sabitah punika wawayanganing satulkak, ingkang winastan sipat sejati.

Manawi kabontosaken sadaya punika kados pangandikanipun Imam Ismangil ing Ngesam kasebut wonten salebeting kitab Bayanumirat kajarwakaken makaten.

”Sinten ingkangpurun angaken sarupa kaliyan Alloh hu ta ngala, inggih punika sampurna makrifatipun”

”Sinten ingkang ajrih angaken sarupa kaliyan Alloh hutangala, inggih punika batal makrifatipun”.

Amung kehendelan semanten kemawon, sumongga pamang-  
gihing galihipun, angger wicaksana saestu saged anampeni ing  
suraosipun sadaya.

#### **Bab: 4. Kayektening kahanan kang Maha Luhur.**

Wewejangan ingkang kaping sekawan dipun wastani: *Kayekte-  
ning kahanan kang Maha Luhur.*

Inggih punika pambukaning tata malige ing dalem betal makmur,  
awit dening pamejangipun ambuka kodrat iradatipun Pangeran  
kang Maha Suci enggenipun karsa anjumenengaken mali gening  
dat minongka betulah katata wonten sirahing manungsa, punika  
sajatosipun dados pitedahan kayektening kahanan satunggal-  
satunggal, anandhakaken kalarating dat kang Maha Luhur, lang-  
geng mboten kening wewah gingsir saking kahanan jati. Kasebut  
ing dalem daliling ngelmi ingkang kaping sakawan, nukilan saking  
warahing kitab Insankamil. Amratelakaken wangsiting Pangeran  
Maha Suci dhateng kang jeng Nabi Muhamad Rosulolah.  
Ayat ingkang kapisan karaos ing dalem rahsa makaten jarwanipun.

”Sajatine ingsun anata malige ana sajrone betal makmur, iku omah enggoning parameyaningsun, jumeneng ana sirahe Adam, kang ana ing sirah iku dimak, hiya iku utek, kang ana antarane utek iku manik, sajro ning napsu iku sukma, sajrone sukma itu rahsa, sajro ne rahsa iku ingsun. Ora ana Pangeran, nanging Ingsun Dat kang nglimputi kahan jati”.

Menggah dunungipun makaten.

1. Sirah punika wiyosipun kahananing betal makmur, tegesipun griya kang arame.
2. Utek kahananing kontha, anarik wahananing cahya, dados pambukaning netya.
3. Manik, kahananing pramana, anarik warananing warna, dados pambukaning paningal.
4. Budi, kahananing pranawa, tegesipun padhanging manah, anarik wahananing karsa, dados pambukaning pamicara.
5. Napsu, kahananing hawa, anarik wahananing swara, dados pambukaning pamiyarsa.
6. Sukma, kahananing nyawa, anarik wahananing cipta, dados pambukaning panggoda.
7. Rahsa, kahananing atma, anarik wahananing wisesa, dados pambukaning pangraos.

Wasiyating guru ingkang medharaken ngelmi pambukaning malege ing dalem betal makmur, utaminipun anglampahana boten kersa dhahar ulama utak akaliyan ulam manik. Madyanipun sampun ngantos amastani polo kaliyan manik, kabar pakantukipun ingkang sampun kalampahan asring katarimah ngelminipun. Dene ingkang mesthi wajib dipun lampahi punika mung ambirat nafsu hawa, manawi kalampahan makaten saestu katarimah nglminipun.

#### **Bab: 5. Kayektene kahanan kang Maha Agung.**

Wewejangan ingkang kaping gangsal punika dipun wastani:  
*Kayektene kahanan kang Maha Agung.*

Inggih punika pambukaning tata malige ing dalem betal mukharam. Awit dening pamejangipun ambuka kodrat iradating Pangeran kang Maha Suci, enggenipun karsa anjenengaken maligening Dat minangka betulah katata wonten dhadhaning manungsa, punika sajatosipun inggih dados pitedahan kayektene kahanan satunggal-satunggal, anandhakaken kalarating dat kang Maha Mulya, langgeng mboten kenging ewah gingsir saking kahanan jati.

Kasebut wonten daliling ngelmi ingkang kaping gangsal, inggih ugi sami nukil saking sarahing kitab Insankamil, amra telakaken wangsiting Pangeran kang Maha Suci dhateng Nabi Muhamad Rasulolah. Ayat ingkang kaping kalih karaos ing dalem rahsa makaten jarwanipun.

”Sejatine ingsun anata malige ana sajrone betal mukharam. Iku omah enggoning laranganingsun, jumeneng ana dhadhaning Adam. Kang ana sajroning dhadha iku ati, kang ana antaraning ati iku jantung, sajroning jantung iku budi, sa jroning budi iku jinem hiya iku angen-angen, sajroning angen-angen iku sukma, sajroning sukma iku rahsa, sajroning rahsa iku ingsun. Ora ana ing Pangeran, nanging Ingsun Dat kang anglimputi kahanan jati.”

### **Menggah dunungipun makaten.**

1. Dhadha, punika wiyosipun kahananing betal mukharam, tegesipun griya ingkang kaawisan.
2. Ati, kahananing poncadriya, tegesipun manah gangsal, anarik wahananing napsu, dados wahyaning napas.
3. Jantung, kahananing poncamaya, tegesipun osik gangsal, anarik wahananing birahi, dados wahyaning ketek.
4. Budi, kahananing pranawa, tegesipun padhaing manah, anarik kahananing karsa, dados wahyaning pamicara.
5. Jinem, inggih punika angen-angen, kahananing panggraita anarik kahananing swara, dados kahananing pamiyarsa.
6. Suksma, kahananing nyawa, anarik wahananing cipta, dados wahyaning panggoda.

7. Rahsa, kahananing atma, anarik wahananing wisesa, dados wahyaning pangraos.

Wasiyating guru ingkang amedharaken ngelmi pambukaning tata malige ing dalem betal mukharam, utaminipun nglampahana mboten dhahar ulam manah kaliyan ulan jantung, madyani pun sampun ngantos amastani angen-angen. Kabar pakantukipun ingkang sampun kalampahan asring katarimah ngelminipun, dene ingkang mesthi wajib dipun lampahi punika amung anyegah pangunek-unek salebeting batos, angesthiya panggalihi trima, lila, temen, utami. Menggah utami punika dumunung wonten sabar darana, manawi kalampahan makaten, saestu katarima ngelminipun.

### **Bab: 6. Kayektene kahanan kang Maha Suci.**

Wejangan ingkang kaping nem dipun wastani *kayektening kahanan ka Maha Suci*, inggih punika pambukaning tata malige ing dalem betal mukhadas. Awit dening pamejangipun ambu ka kodrat iradating Pangeran kang Maha Suci enggenipun karsa anjenengaken maligening Dat minongka betulah katata wonten kontholing manungsa.

Punika sajatosipun inggih dados pitedahan kayektening kahanan satunggal-satunggal, anandhakaken kalarating Dat kang Maha Mulya, langgeng mboten kenging ewah gingsir saking kahanan jati, kasebut ing daliling ngelmi ingkang kaping nem, inggih ugi sami nukil saking sarahing kitab Insankamil. Amratelakaken wangsiting Pangeran kang Maha Suci dhateng kangjeng Nabi Rasulolah, ayat ingkang kaping tiga, karaos wonten ing dalem rahsa makaten jarwanipun.

”Sejatine ingsun atata malige ana sajroning betal mukhadas, iku omah enggoning pasuceningsun, jumeneng ing kon tholing Adam. Kang ana sajroning konthol iku pringsilan, kang ana ing antaraning pringsilan iku nutfah hiya iku mani, sajroning mani iku madi, sajroning madi wadi, sajroning wadi iku maningkem, sajroning maningkem iku rahsa, sajroning rahsa iku ingsun. Ora ana Pangeran nanging.ingsun dat kang nglimputi ing kahanan

jati, jemeneng neng sajroning nukat gaib, tumurun dadi johar awal, ing kono wahananing alam akhadiyat, wahdat, wakhadiyat, alam arwah, alam misal, alam ajsam, alam insankamil. Dadining manungsa kang sampurna, hiya iku sajatining sipatingsun.”

### **Menggah dunungipun makaten**

1. Konthol punika wiyosipun kahananing betal mukhadas, tege-sipun griya ingkang sinucekaken.
2. Pringsilan, kahananing purba, katumusan kahananing birahi, dados bebukaning asmara nala, inggih punika sengseming manah.
3. Mani, kahananing kontha, katumusan wahananing hawa, dados bebukaning asmara tura, inggih punika sengseming pandulon.
4. Madi, kahananing warna, katumusan wahananing karsa, dados bebukaning asmara turida, inggih punika sengseming pami-rengan.
5. Wadi, kahananing warna, katumusan wahananing cipta, dados bebukananing asmaradana, inggih punika sengseming pocapan.
6. Maningkem, kahananing suksma, katumusan wahananing pangrasa, dados bebukananing asmara tantra, inggih punika sengseming pangarasan.
7. Rahsa, kahananing atma, katumusan wahananing wisesa, dados bebukananing asmaragama, inggih punika sengseming salulut.

### **Dene genahipun makaten**

1. Mani punika kama ingkang taksih kados toya, warnanipun surat biru.
2. Madi punika sarining mani, warninipun surat dadu.
3. Wadi punika sarining wadi, warninipun surat jenar.
4. Maningkem punika sarining wadi, warninipun pethak maya-maya kados retina.

5. Nukat gaib tegesipun wiji pepingidan, inggih punika sarining rahsa sejati.
6. Joharawal tegesipun sesotya ingkang wiwitan, inggih punika manik, dados embaning rahsa jati sadaya, ing riku wahananing martabat pitu.
  - 1). Alam wahdat, wahananing kendel sawek kalih wulan, kasebut takyun awal, dene wiwit sanyata ing kahananipun.
  - 2). Alam wahdat, wahananing kendel sawek kalih wulan, kasebut takyun awal, dene wiwit sanyata ing kahananipun.
  - 3). Alam wakidiyat, wahananing kendel sawek tigang wulan, kasebut takyun sani, dening sampun sanyata ing kahananipun.
  - 4). Alam arwah, wahananing kendel sawek kawan wulan, kasebut akyan sabitah, dene sampun sanyata tetep ing kahananipun, sampun kontha jenggerenging bayi.
  - 5). Alam misal, wahananing kendel sawek gangsal wulan, kasebut akyan kajiriyah, dening sanyata medal ing kahananing sampun darbe sipat ananging taksih upami kemawon.
  - 6). Alam ajsam, wahananing kendel sawek nem wulan, kasebut akyan mukawiyah, dene sanyata gesang ing kahananipun, sampun darbe asma dipun wastani bayi, lajeng karkat obah.
  - 7). Alam insankamil, wahananing sawek kendel pitung wulan, ngantos ing dalem wolung wulan demugi sangang wulan, kasebut akyan maknawiyah, dening sanyata kawedhar ing kahananipun, jumeneng sampurnaning manungsa, sampun darbe apngal badhe lahir wonten ngalam donya.

Wasiyating guru ingkang amedharaken ngelmi pambukaning ngelmi pambukaning tata malige ing dalem betal mukhadas,

utamipun anglampahi boten karsa dhahar ulam pringsilan sapanunggilanipun, madyanipun sampun ngantos amastani mani. Kabar pakantukipun ingkang sampun kalampahan asring katarima ngelminipun. Dene ingkang amsthi wajib dipun lampahi punika anyuda sare sahwat, manawi kalampahan makaten saestu dipun tarima ngelminipun.

Wonten riwayating guru, manawi amedharaken rahsaning ngelmi pambukaning tata malige ing dalem betal mukadas, ingatasipun amejang dhateng pawestri kenang kiniyas makaten:

”Ing nalika Pangeran kang Maha Suci karsa anata mali ge wonten salebeting betal mukadas jumeneng ing baganipun siti Kawa, ingkang wonten salebeting baga punika purana, ingkang wonten ing antawisipun purana punika retina, inggih punika mani, salebeting mani madi, salebeting madi wadi, salebeting wadi maningkem, salebeting maningkem rahsa, salebeting rahsa punika dating atma kang anglimputi ing kahanan jati.”

Dane pitedahipun makaten:

Baga timbanging konthol. Purana timbanging pringsilan ing sala-jengipun sami kaliyan ingatasipun amejang dhateng kakung. Anggenipun amardi supados sami marsudi ing waskithaning sangkan paran.

### **Bab: 7. Panetep santosaning iman.**

Wejangan ingkangkaping pitu dipun wastani *panetep santosaning iman*. Abebuka sahadat jati, awit dening pamejang ipun amangsit ingkang dados pikekahing pangandel kita, denira angestokaken dhateng kayektening gesang kita pribadi, manawi sampun tetep minangka tajalining Pangeran kang Maha Suci sajati. Kasebut ing dalem ijmak riwayating para waliyulah nukilan saking kadis mahdos salebeting bab maklumatul ngalahiyah. Wiyosipun anyariyosaken kakekating tokhid ingkang terus dhateng iktikat, piridan saking cipta sasmitanipun kangjeng Nabi Muhamad Rasulolah ingkang kawangsita ken dhateng Sayidina Ngali, makaten jarwanipun.

”Ingsun anekseni satuhune ora ana Pangeran, nanging Ingsun, lan anekseni Ingsun satuhune Muhamad iku utusaningsuh.”

Inggang dipun wastani Pangeran punika dating gesang kita pribadi. Sabab sajatosipun saguning asya punika sami khukum nafi sadaya, tegesipun asya punika sawiji-wiji, tegesipun nafi punika boten wonten. Mila kasebut mboten wonten Pangeran isbatipun inggih namun datinggesang kita pribadi. Tegesipun isbat tetep. Dados tegesipun inggang anyebut kaliyan inggang sinebut Pangeran punika boten wonten sanesipun, suraos tunggal tanpa wangenan amung kaot lahir batin kemawon.

Inggang dipun wastani Muhamad punika sipating cahya kita, mila dipun basakaken utusan, amargi dados panengeran rahsaning dat kawistara ing netya, kados inggang kasebut ing dalil salebeting kur'an makaten jarwanipun.

"Sayekti temen-temen teka ing sira kabeh. Utusan ing dat metu saka ing awakira kang amaha mulya. Mungguhing utusan iku anyembadani barang sesipatanira, yen angandel sayekti antuk sih pangapuraning Pangeran."

Manawi sampun anampeni dalil kur'an pangandikanipun Pangeran kang Maha Suci makaten wau dipun wastani waskitha ing galih.

Inggih gesang pribadi punika wahananing nugraha kahananing kanugrahan, nugraha punika dating gusti, kanugrahan punika sipating kawula. Tunggil tanpa wanggenan dumunung wonten ing badan kita, sampun uwas sumelang malih, sabab inggang kasebut ing kitab insankamil amarah manawi nama ning Allah punika inggih namaning Muhamad, upamai sabet kaliyan warangkanipun, Muhamad minongka sabetipun, ing tembe wewangsulan.

Wangsiting guru inggang amedharaken ngelmi panetep santosaning iman, kaprayogekaken sami anglampahi sami mboten dhahar ulam lembu, kabar angsal paedah manjing dados putra muridipun kangjeng susuhunan ing Kudus, kaiden inggang dados sak esthining galhipun.

Wonten riwayat guru, manawi amedharaken ngelmi panetep santosaning iman, ingatasipun amejang dhateng pawes tri, wenang kawewahan makaten jarwinipun.

"Ingsun anekseni, satuhune ora ana Pangeran, nanging Ingsun,



lan anekseni Ingsun satuhune Muhamad iku utusaning sun, Patimah iku umatingsun.”

### **Bab: 8. Sasahidan.**

Wejangan ingkang kaping wolu, dipun wastani *sasahidan*. Awit dening pamejangipun kinen asahida dhateng wahananing sanak kita, inggih punika kahananing dumadi kang gumelar wonten ing alam donya kadosta; bumi, langit, surya, wulan, lintang, latu, angin, toya sak panunggilanipun. Sami anek senana yen kita mangke sampun purun angakeni jumeneng dating gusti kang Maha Suci, dados sipating Allah kang sejati, kasebut ing dalem kiyas wawarahing pandhita, enggening a mencaraken nukilan saking khawin mahdus salebeting bab maklumatul uluhiyah, wiyosipun anartani anetep santosaning iman, dados panuntuning tokhid ingkang ambatos dhateng iktikat. Inggih ugi pepiridan saking cipta sasmitaning kangjeng Nabi Muhamad Rusulolah, ingkang kawangsitaken dhateng Sayidina Ngali, makaten jarwanipun.

”Ingsun anekseni ing datingsun dhewe, satuhune ora ana Pangeran, nanging Ingsun, lan anekseni Ingsun satuhune Muhamad iku utusaningsun, hiya satuhune kang aran Allah diku badaning-sun, Rasul iku rahsaning sun, Muhamad iku cahya ningsun, hiya ingsun kang urip tan kena pati. Hiya ingsun kang eling ora kena lali, hiya ingsun kang langgeng ora ke na owah gingsir ing kahanan jati, hiya ingsun kang amurba amisesa kang kawasa wicaksana ora kurang ing pangreti, byar sampurna padhang terawangan, ora ana apa-apa, ora ana katon apa-apa, amung ingsun kang nglimputi ing alam kabeh kalawan kodratingsun.”

### **Mengguh dunungipun makaten**

Ingkang dipun wastani Pangeran punika dating gesang kita pribadi. Ingkang dipun wastani Muhamad punika sipating cahya kita pribadi. Manawi ingkang kasebut ing dalem dhikir hla illa haillallah, Muhamada Rosullolah, tegesipun mboten wonten Pangeran nanging Allah, nabi Muhamad punika utusaning Allah. Ananging manawi hakekatipun ingkang dipun wastani Allah

punika apngaling rasul dumunung ing badan kita, rasul punika asmaning Muhamad dumunung ing rahsa kita, Muhamad punika sipating cahya dumunung ing gesang kita, sajating gesang kita punika dat ing Pangeran ingkang Maha Suci. Kayektosipun kasebut ing dalem dali kur'an manawi Pangeran kang Maha Suci punika kawasa amijilaken gesang saking pejah, wijiling pejah saking agesang inggih gesang kita pribadi punika, sayekti awit saking pejah ing wekasan mboten kenging pejah, dipun basakaken khayun pindareni, tegesing gesang ing kahanan kekalih. Wonten ing alam sahir kita gesang, wonten ing alam kabir kita inggih gesang, sarta mboten kasupen ing dat kita ingkang agung.

Boten ewah gingsir ing sipat kita ingkang elok, boten ka samaran ing atma kita kang wisesa, boten kekirangan ing apngal kita kang sampurna, dados pepuntoning tokhid ingkang ambontos dhateng iktikat.

Sampurnaning gesang kita punika mboten wonten karaos utawi tanpa katingal punapa-punapa, amung waluya jati lajeng anglimputi ing alam sadaya sampun uwas sumelang malih.

Wasiyating guru ingkang medharaken ngelmi sasahidan kaprayogekaken sami anglampahana sampun ngantos anyebut Allah. Kaisbatena anyebut Pangeran, kados ing bebasan saking karsaning Allah, isbatipun saking karsaning Pangeran, khabar pikantukipun ingkang sampun kalampahan asring kadhawahan ilham, dados amewahi teranging pambudi.

Ananging wasiyating guru ingkang sami kawaleraken sadaya punika manawi kasupen mboten dados punapa. Sebab sajatosipun ingkang dados awisaning ulah ngelmi kasampurnan puni ka amung napsu. Manawi saged ambirat napsu hawa, saking adat kadunungan manah awas-emut. Manawi tansah awas utawi emut saestu manggih kamulyan ing sangkan paran sasaminipun. Kados riwayat para ahli ngelmi kasebut ngandhap punika.

1. Taberi suci temen, Mongka pamberating durgandana ing tembe, tegesipun gonda awon.
2. Angengirangi dhahar nginum. Mongka pangluluhaning raga ing tembe.

3. Angawisi sare sahwat. Mongka pangluyutaning jiwa ing tembe.
4. Anyenyuda napsu wuwus. Mongka palenyepaning rahsa ing tembe.

Manawi sampun lenyep rahsanipun, kabar demugining de lahan ing tembe lajeng layat dados cahya gumilang tanpa we-wayangan ing kahanan kita kang sajati.

Punika sarehning kula dereng saged anglampahi piyambak, dados amung anyumanggakaken pamanggihing galih kemawon. MBokmanawi kalampahan makaten inggih walahu alam katari mahipun.

### **Bab: 9. Munabiyating Hidayat Jati**

Punika munabiyating Hidayat Jati. Inggang minongka pange-mut-emut patraping pitedahan sadaya. Bebukanipun amratelakaken riwayatning khadis manawi sampun parek ing dinten kiyamat. Ing riku wonten inggang dados tondha badhe kadhatengan bangos, tegesipun utusaning Pangeran inggang Maha Suci andhawahaken janji dhateng alam donya awiyos warni malaekat Jabarail kinen amundhut sadasa pangkat inggang kasebut ing ngandhap punika.

1. Mundhut barkating bumi. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat sudaning rupa/warna.
2. Mundhut adiling ratu. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat ewahing paningal, pamiyarsa miwah pamiraos.
3. Mundhut lomaning sugih arta. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat kendhoning otot, sara-ning rah miwah abering mani.
4. Amundhut wirangining pandhita. Punika manawi isbataipun wujuding gesang kita dados ngibarat lingsiring budi.
5. Mundhut nastapaning awerdha. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat wimbuh dhahganing nafsu luamah tondha badhe leres.
6. Mundhut sabaring sudra. Punika manawi isbatipun wujuding

gesang kita dados ngibarat wimbuh angkaraning nafsu amarah badhe sirep.

7. Mundhut sahing kadang warga. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat wimbuh murkaning nafsu supiyah tondha badhe rerem.
8. Amundhut wiranging pawestri. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat wimbuh lomaning nafsu mutmainah, tondha badhe sidhem premanem.
9. Mundhut imaning mukmin. Punika manawi isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat gingganging suksma.
10. Mundhut sastraning kur'an. Punika isbatipun wujuding gesang kita dados ngibarat ingseting rahsa.

Manawi sampun kaingsetan rahsanipun, punika kita darbe rumaos welas dhateng angga priyongga, lajeng asring rumaos angkat wijang raga kaliyan suksmanipun. Ing ri ku tondha sampun angajengkaken badhe kadhatengan dinten kiyamat, tegeseipun kiyamat jumeneng, inggih punika kiyamating badan kita badhe jumeneng lan pribadinipun. Kawistara saking panangeran kados ingkang kapraktelakaken ing dalem sarahing kitab bayan-maot, makaten wewarahipun.

Menggah dunungipun panengeran punika kalih pangkat. Ingkang sapangkat nedahaken panengeran saking paningal kita pribadi, kalih pangkatipun anedahaken panengeran ingkang kawistara ing paningal dhateng liyan.

1. Ingkang rumiyin manawi sampun asring rumaos kados sayah anggenipun gesang utawi rumaos jeleh bosan aningali kahana-ning alam donya, *tondha kirang tigang tahun*. Kaparengan ing dalem waktu makaten punika asring karaos mumet sirahipun tanpa karena, manawi asring supena kesahan mangaler, terkadhang mantun lageyanipun salebeting sare, kados ta lageyan angorok, lageyan kerot ing sak saminipun dados ical sadaya. Ing riku panggenaning prayitno sak lebeting gesang kita, tegesipun dipun emut manawi ing agesang punika weka-sanipun badhe pejah.

2. Ingkang kaping kalih, manawi sampun asring rumaos kangen dhateng ingkang sampun sami tilar donya, *tondha kirang kalih tahun*. Kaparengan ing wekdal wau punika asring karaos muneg galihipun tanpa karana, terkadhang lumuh dhateng pakaremanipun, manawi sare asring sumpena dandos-dandos padaleman, ing riku panggenaning nastapa, tegesipun ulah lampah, angengirangi sawatawis.
3. Ingkang kaping tiga. Manawi sampun asring uninga ingkang mboten katingal, *tondha kirang setahun*. Kaparengan ing dalem wektu makaten punika asring karaos geter sentiling jangganipun tanpa karana, terkadhang anandhang sakit anda dosaken susuding badan, aluming netya, angresing tosan, manawi sare asring supena wonten salebeting pepeteng, sabab dhahganing nafsu luamah sampun angkat badhe leren, amrantandhani sudaning raos legi, gurih, pedhes, asin sak panunggilanipun. Ing riku panggenaning subrata, tegesipun anyangeti tapa, tarah brata, anyuda-nyuda pakareman, ane-tepana panggalih trima, lila, temen, utami. Menggah utami punika dumunung ing sabar drana.
4. Ingkang kaping sekawan. Manawi sampun asring kasat mata sawantah sipating netra kita pribadi, *tondha kirang sangang wulan*. Kaparengan ing dalem wektu wau karaos marlupa salebeting sarira tanpa karana, terkadhang lampahing erah asring kendel, sabab angkaraning nafsu amarah sampun angkat badhe sirep. Mratandhani sudaning kanepsonipun. Ing riku amati raga, tegesipun amesu budi amejahaken sarira, anyiptoa pejah salebeting gesang wonten ing alam donya.
5. Ingkang kaping gangsal. Manawi sampun asring mireng ingkang mboten kapiarsa, kadosta: mireng reraosaning jim – setan miwah sato kewan ingkang tanpa karana, *tondha kirang nem wulan*. Kaparengan ing dalem waktu punika asring karaos segeg, gumrebeg sak lebeteng talingan kita, terkadhang anda-dosaken sudaning pamirengan, temahan mboten darbe karkat lajeng ical pepenginanipun, malah asring tanpa kawelasan, sabab murkaning nafsu supiyah sampun angkat badhe

- rerem, amartandhani mantuning pangesthinipun ing panggesangan wonten salebeting alam donya. Ing riku panggenaning kurmat kaliyan kaliwat, tegesipun angaji-aji kaliyan asesaji sapanunggilanipun anglampahi pandamelan sae, kinan thenan pangatos-atos dhateng gesang kita pribadi. Inggih punika amatrapaken manising ulat, aruming wiraos, alusing salah, sageda angecani manahipun sasaming tumitah.
6. Inggang kaping nem, Manawi sampun asring mambet gandaning lelembat, ambetipun kados menyan kobar mawi tuntung amis, utawi asring mambet gandaning sri sasakit inggang tanpa karana, *tondha kirang tigang wulan*. Kaparengan ing dalem waktu makaten punika asring karaos kekes salebeting grana, temahan andadosaken suda wedaling napas, terkadhang kados kasesa ing pangangkah boten darbe kalingseman, sabab nafsu mutmainah sampun badhe angangkat sidhem premanem, amratandhani sarwa ewah sarantaning sedyu. Ing riku panggenaning ngujlat kaliyan istirahat, tegesipun sumingkir dhateng ing asepi, kaliyan kesah anamur lampah, kinanthenan adedana dhateng pekir miskin.
  7. Inggang kaping pitu. Manawi sampun asring salin ing paningalipun, kadosta ing wulan Muharam, Sapar aningali langit katingal a brit. Rabingulawan, Rabingulakir, srengenge katingal cemeng. Jumadilawan, Jumadilakhir, rembulan katingal cemeng. Rejeb, Syakban, toya katingal abrit. Ramelan, Syawal, wawayanganipun piyambak katingal kalih. Dulkangidah, Dulkijah, latukatingal cemeng. Sadaya ing salah satunggal *tondha kirang kalih wulan*. Kaparengan ing dalem waktu punika netra kita pribadi katingal pawayangan. Ing riku panggenaning wasiyat kaliyan riwayat. Tegesipun amemeling kaliyan wewarah kinan thenan ataberi sesuci.
  8. Inggang kaping woluh. Manawi driji panungguling asta kita dipun bekuk kapetelaken dalah epek-epekipun, dariji manis ka angkat anjunjung darijinipun manis wau, *tondha kirang kawan dasa dinten*. Kajawi saking punika, manawi darijinipun sa-

kawan sami dipun bekuk kapetelaken dalah epek-epekipun, driji panunggul ingkang mboten dipun bekuk lajeng kangkat, manawi sampun kangkat njunjung driji panunggul wau inggih tondha kirang kawan dasa dinten. Kaparengan ing dalem waktu punika asring karaos keju kejeng ototipun, andadosaken pating saredhoting ula-ula, terkadhing manawi sare asring supe suraosing supenanipun. Ing riku panggenaning marwat kaliyan ngapiyat, tegesipun pamantes kaliyan pangapunten, inggih punika animbangi dhateng gesang kita. Awon saening solah bawa analongsoa, lajengipun angapunten dhateng ingkang sami kalepatan, utawi anedha pangapunten dhateng ingkang sami rumaos kasakitaken manahipun.

9. Ingkang kaping sanga. Manawi asta kawawas ing netra kalih, drijinipun sampun katingal kalong ugel-ugelipun sampun katingal pedhot, *tondha kirang sawulan*. Ing riku panggenan amatrapaken pikekahing ngelmi kasampurnan kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1. Iman, 2. Tokhid, 3. Makripat lan 4. Islam.

1. *Tegesipun Iman.*

Angandel. Ingkang dipun endel kodrat kita. Wiyosipun inggih kawasa kita pribadi, dumunung ana ing eneng/neng.

2. *Tegesipun Tokhid.*

Muhung satunggal. Inggih punika pasrah dhateng iradat kita. Wiyosipun inggih karsa kita pribadi. Dumunung wonten ing ening.

3. *Tegesipun Makripat.*

Waskitha. Ingkang dipun waskithani ngelmi kita. Inggih punika anungani dununging Dat, Sifat, Asma, Apngal. Tegesipun Dat = kontha, Sipat = rupa, Asma = aran, Apngal = pakarti. Anggenipun anguningani dumunung ing awas.

4. *Tegesipun Islam.*

Wilujeng. Ingkang wilujeng punika khayat kita. Wiyosi pun inggih gesang kita pribadi, dumunung wonten ing enget.

Inggih punika enget dhateng Pangeran kita pribadi kang asipat: Jalal, Jamal, Kahar, Kamal.

*Tegesipun Jalal.*

Agung. Inggang agung punika datipun, dene anglimputi ing alam sadaya.

*Tegesipun Jamal.*

Elok. Inggang elok punika sifatipun, dene boten jaler boten estri boten wandu, sarta mboten jaman makan mboten arah mboten enggen, tanpa warna tanpa rupa.

*Tegesipun Kahar.*

Wisesa. Inggang wisesa punika asmanipun. Dene mboten nami sinten-sinten, anjawi namung naminipun pribadi inggang Maha Wisesa.

*Tegesipun Kamal.*

Sampurna. Inggang sampurna punika apngalipun, dene saged gumelar sami sak nalika pakartinipun, saking kawasa tanpa sangsaya.

10. Inggang kaping sedasa. Manawi sampun asring katingal warninipun piyambak. *Tondha kirang satengah wulan.* Ing riku panggenaning pamuja, aneges karsanipun kang Kuwasa. Patrapipun saben angkat badhe sare, mawi angedelaken saniskara, tegesipun sabarang damel. Tegesipun inggih punika samukawis inggang damel raos sampun ngantos karaosaken. Pamujanipun kasebut ing ngandhap punika.

”Ana pepujaningsun sawiji, date hiya datingsun, sipate hiya sipatingsun, asmane hiya asmaningsun, apngale hiya apngalingsun. Ingsun puja ing patemon tunggal saka ananingsun, sampurna lawan kodratingsun.”

Ing nalika punika kaciptoa inggang pinuju tunggal, kadosta: bapa biyung, kaki nini, garwa putra wayang sak samini pun, inggang dados pelenging cipta sageda nunggil wonten ing jaman kalanggengan.



11. Ingkang kaping sawelas. Manawi sampun rumaos gerah kasandhang, lajengipun lumuh dhateng punapa-punapa, terkadhang mboten karsa dhahar, terkadhang mboten saged sare, *tondha kirang pendhak dinten*. Ing riku panggenaning tobat. Patrapipun manawi sawek wungu sare mawi angedalaken saniskara, tobatipun kasebut ing ngandhap punika.

Inggih punika bangsaning kha ingkang dumunung wonten ing dat, sipat, asma, apngal. Kadosta anasir badan asal saking bumi, latu, angin, toya. Punika kaciptoa sucimulya mantuk dhateng asalipun, sampurna anunggil kaliyan anasiring roh ingkang sumondha wonten kahananing wujud, ngelmu, nur, suhud.

Tegesipun wujud: wahana, inggih punika erah, amargi erah punika dados kanyataning roh.

Tegesipun ngelmu: paningal, inggih punika paningaling netra walaka, amargi paningal punika dados pamawasingroh.

Tegesipun nur: cahya, inggih punika cahya ingkang nglimputi ing sarira, amargi cahya punika dados pratandhaning roh.

Tegesipun suhud: saksi, inggih punika napas, amargi napas punika dados saksining roh.

Dene anggenipun nukcekaken mawi ngendelaken saniskara kados kasebat ing ngandhap punika.

”Liring anasiringsun, kang abongsa jasmani, suci mulya, sampurna nunggal kalawan sakaliring anasiringsun kang abongsa rohani. Nirmala waluya ing kahanan jati dening kodrating-sun.”

12. Ingkang kaping kawanwelas. Manawi ototing ugel-ugel suku sampun kendho, utawi saranduning sarira kita sampun sami medal riwe sadaya, ing rintèn dalu tansah kumyus kados riwening kasayahan, punika terkadhang kita darbe rumaos sampun angkat wijang raga kaliyan sukmanipun, tondha sampun parek andungkap dinten kiyamat amung *kirang sadinten*. Ing riku panggenanipun anga winaken badan kaliyan

nyawa, mawi angendelaken saniskara, lajeng kasebut salebeting cipta makaten:

13. Inggang kaping gangsalwelas. Manawi anggepok kulitipun sampun mboten karaos pera kumrisik, andadosaken asrep, utawi keteg inggang wonten ugel-ugeling asta sampun mboten wonten, andadosaken uncadipun pramayaningkenaka, sarta pramananing mripat sampun sepen, andadosaken rupaking pandulu, rengating imba, tuwin garebeking talingan sampun kendel andadosaken bengeng sak nalika, ing wekasan gringgigen kang sarira lajeng kambet gandaning sawa, punika tondha sampun *macating dinten kiyamat kita*, badhe jumeneng pribadi wonten kahanan kita sejati. Ananging manawi kirang awas, utawi emut terkadhang sisip sembiripun kalintuing pangangkah kita. Sabab ing nalika punika ing panggenanipun kadhatengan rencana saking sedherek kita sekawan gangsal pancering pantaran kita inggang dumunung wonten ing badan kita pribadi, sami katingal badhe ngaru biru dhateng kahanan kita kados inggang kapratelekaken ing ngandhap punika:
  - 1). Puser, katingal kados celeng utawi segawon awarni cemeng, punika ngibaratiipun ing dinten kiyamating jagad kaupamekaken dhatenging dakjalanat.
  - 2). Erah, katingal kados klabang, awarni abrit, punika ngibaratiipun ing dinten kiyamating jagad kaupamek aken dhatenging klabang kures.
  - 3). Ari-ari, katingal kados sawer naga warni jenar, punika ngibaratiipun ing dinten kiyamating jagad kaupamekaken dhatenging dabatubarli.
  - 4). Kawah, katingal kados dewnawa warni pethak, punika ngibaratiipun ing dinten kiyamating jagad kaupamakekakken dhatenging yakjuja wamakjuja.
  - 5). Mar kaliyan marti, katingal kados tiyang jalu estri abusana sarwa ijo, punika ngibaratiipun ing dinten kiyamating jagad kaupamekaken dhatenging aruta wamaruda.Riwyatipun manawi ing dinten kiyamating jagad, dhatenging

bangsanipun dakjalanat gangsal prekawis wau, ing tembe badhe ngaru biru damel karisakan sakisining jagad sedaya, lajeng kasirnakaken dening rijalolah gaib, inggih punika walige sul ngalam sesanga:

1. nabi Khilir,
2. Nabi Ilyas,
3. Nabi Armiya,
4. Nabi Ngisa,
5. Sayidina Ngumar ibnu Umiya,
6. Seh Wa'is,
7. Sayid Muhamad kanapiyah,
8. Seh Senan,
9. Seh Malaya.

Menggabing dinten kiyamat kita pribadi dhatenging rencana sandherek kita sekawan gangsal pancering pantara kita ingkang dumunung wonten ing badan kita pribadi punika, panangkisipun amung anakepaken rahsaning jatiwisesa, tegesipun angingaken angen-angen, inggih punika budi santosa, pepuntoning kawengku saking solah bawa, ing saben solah kita anteng, bsa kita jatmika, amesthi sirep piyambak sakaliring rencana ingkangdados durgananing kiyamat kita. Ing riku lajeng karuwata salebeting cipta mawi angandelaken saniskara, pangruwati pun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

”Ingsun angruwat kadangingsun papat kalima pancer kang dumunung ana ing badaningsun dhewe, marmati kakang kawah adhi ari-ari getih puser, sakehe kadang ingsun kang ora katon kang ora karawatan, utawa kadangingsun kang metu saka ing marga ina, sarta kadang ingsun kang metu bareng sedina kabeh padha sampurna, nirmala, waluya kahanan jati dening kodratingsun.”

Manawi sampun makaten lajeng kumesar galih kita kados mireng karengesing wuluh ngerit andadosaken sumelanging cipta, lajeng dhat dhatan engetan kita, andarbeni panginten manawi badhe dumugi ing janji. Temahan kendho hardaning karsa, ing riku dipun tatag sarta santosa salebeting galih kita, lajeng anyipta mancad dhateng sangkan paraning tanajultarki, mawi ngandelaken saniskara, pamancadipun kados kasebat ing ngandhap punika:

”Ingsun mancad saka ing alam insankamil tumeka ing alam ajesam, nuli tumeka ing alam misal, nuli tumeka alam arwah, nuli tumeka ing alam wakhidiyat, nuli tumeka maring wahdat, nuli tumeka maring akahadiyat, nuli tumeka ing alam insankamil maneh, sampurna padhang tarawangan saka ing kodratingsun.

Manawi sampun makaten nunten kekonanging netra kita katingal pating kalepyur sami medal tanpa antawis amratandhani timbuling cahya nur Muhamad kawistara gumilang gilang wonten ing wadana kita, ngalamat badhe binuka kijabing Pangeran kang Maha Suci, meh katingalipun sakathahing cahya, ing riku lajeng anyip toa ambirat asaling cahya satunggal tunggal kasampur nakaken saking kodrat kita supados sampun kalimputan dening cahya ingkang sami andadosaken durgamaning sangkan paran, makaten pambiratipun salebeting cipta mawi angendelaken saniskara.

”Cahya ireng kadadosaning napsu aluamah sumurepa maring cahya kang abang. Cahya abang kang kadados aning napsu amarah sumurupa maring cahya kang kuning. Cahya kuning kadadosaning napsu supiyah sumurupa maring cahya kang putih. Cahya putih kadadosaning napsu mutmainah sumurupa maring cahya kang amoncawarna. Cahya kang amoncawarna kadadosaning pramana sumurupa maring dat kang cahyaningsun kang wening mancur mancorong gumilang tanpa wewayangan, byar sampurna padhang terawangan ora ana katon apa-apa, kabeh panakalimputan dening datingsun dening kodratingsun.”

Ing nalika punika upami wonten ingkang karaos punapapunapa ing badan kita, angusapa jaja kaping tiga.

Upami angraos sirep badhe sare, angusapa palarapan kaping tiga.

Upami ngraos badhe supe, angusapa embun-embun kaping tiga.

Ing riku lajengtata-tata dandos kados ing ngandhap punika patrapipun.

1. Wiwit sedhakep suku tunggal nutupi babahan hawa sanga, darijining asta sami antuk ing selaning driji kados ngapu rancang, jempolipun aben sami jempol ethoking nglebet kang agathuk lajeng tumumpang ing jaja, dene leresing sipati pun lawan tengahing jaja, salonggaring siku awit jempol suku kapanggihaken samijempol suku den papak, polok kapanggihaken kaliyan polok den gathuk, dhengkul kapanggihaken dengkul den rapat, pajaleran sak landhunganipun sinipat

kaliyan jempol suku sampun ngantos katindhian.

2. Nunten amawas pucuking grana den sipat ing jaja demugi ing puser, ing pajaleran, ing jempol suku, lajeng anengingaken cipta supados santosa sampun ngantos uwas sumelang ing panggalih.
3. Nunten angeremaken netra ingkang alon, angingkemaken lathi kang dhamis, waja gathuk sami waja kang aradin, lidhah kabekuk manginggil kapadelaken ing cethak, sak upami lidhah kita mboten dumugi ing cethak inggih punika nandhakaken rah saning atma kita sampun wiwit alelampah saking ngandhap sumengka manginggil, ing riku lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.
4. Nunten anata panjang wijiling napas, ing sak nalika lajeng wiwit anyipta matrapakaken panjenenganing dat kados ingkang kasebut wonten wewarahing kitab khayaton nupus inggih punika sarahing kitab karikul ngaripin, mupakat kaliyan suraosipun kitab ngundatul anwar ing dalem bab ngakidatul tokhid amrasabenaken kados warah ing ngandhap punika.

Yogya kawikanana sakathahing ingkang asipat kawula punika yekti kadunungan ngaral basariyah, sarta sami anandhang jawaliyah sadaya. Tegesipun pepalanging manungsa punika sami kenging ewah gingsir, inggih punka dados pratandhanipun apesing kawula. Kayektosan salebeting adamkukni asring mawi supe, sarta angraos kadhatengan cahya ingkang andadosaken durgamaning sangkan paran, katingalipun saking pangraosing pramana, awit kala angkat badhe karaosipun saranduning badan kita keru pating garining kados wuruning apyun. Ing riku ame ngenga napas saking sawetawis dangunipun, sarta mawi angen delaken saniskara lajeng anyipto amasang pangasih dhateng para tumindak sadaya kados makaten:

”Sakehing titahingsun kabeh, kang padha andulu kang padha karungu padha asih welasa marang ingsun saka ing kodrat ingsun.”

Nunten amengeng napas kawedalaken saking grana kang allon sampun ngantos kasesa. Manawi sampun sareh amengenga napas malih saking sawatawis dangunipun, inggih mawi angendelaken

saniskara lajeng anyiptoa masang kemayan dhateng para makhluk ingkang sami angaru biru utawi mboten angendelaken dhateng jisim kita kados makaten:

”Sakehing makhlukingsun kabeh, kang opa ngendahake maringsun, padha kaprabawa ing kasayan dening kodratingsun.”

Nunten pamengenging napas kawedalaken saking lenging grana-malih kang alon sampun kasesa.

Manawi sampun sareh mengenga napas malih saking sawatawis dangunipun, inggih mawi angendelaken saniskara, lajeng anyipta narik dhateng para akrap sak panginggil sak pangandhap ingkang sampun sami ngajak kasampurnakaken kados makaten:

”Yoganingsun sak pandhuwur sak pangisor kabeh, kangwis padha mulih ing jaman karamating alame dhewe-dhewe, padha suci mulya sampurna kaya ingsun saka ing kodratingsun.”

Nunten amegenga napas, pamengenging napas kawedalaken saking lenging grana malih ingkang alon sampun kasesa.

Manawi sampun sareh amegeng napas malih saking sawatawis dangunipun, inggih mawi angendelaken saniskara, lajeng anyipta ambabar karaharjaning turun dumunung dhateng tedhak turun kita ingkang sami kantun sadaya kados makaten.

”Turasingsun kang maksih padha kari ana ing alam donya kabeh, padha nemua suka bungah sugih singgih aja ana kang kekurangan, rahayu selameta sak pandhuwure sak pengisore saka ing kodratingsun.”

Nunten pamengenging napas kawedalaken saking lenging grana malih alon-alon sampun kasesa.

Manawi sampun sareh amengenga napas malih saking sawatawis dangunipun, inggih mawi angendelaken saniskara, lajeng anyipta angkukut gumelaring alam donya kasampurnak aken sadaya kados makaten:

”Ingsun andakake ngalam donya sak isen-isene kabeh iki, yen wis tutuk ing wewangene, ingsun kukut mulih mulya sampurna dadi sawiji kalawan kahananingsun maneh saka ing kodratingsun.” Nunten pamegenging napas kawedalaken saking lenging grana malih ingkang alon sampun kasesa, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.

Ing nalika punika karaos ing sedipun rahsaning atma kita, raosipun saranduning badan kita pating prinding mawi mengkirig sarta marinding kados ajrih. Mboten antawis dangu dlamakan kita asrep mawi kami sumeten, lajeng wonten ingkang katingal saking pangraosing pramana mawi pepangkatan kapratakaken ngandhap punika.

1. Ingkang sak angkatan wjwitan, manawi rahsaning atma kita karaos mingset awit saking jempol suku kiwa tengen lajeng katingal saking pangraos kados wonten kukus cemeng medal saking badan kita pribadi, punika mratandhani larading erah kita kang asurat cemeng. Ing riku lajeng anarika napas saking sawatawis dangunipun, sarta mawi angendelaken saniskara. Lajeng nyipta angracut jisim kita kados makaten:

”Jisim ing sun kari ana ngalam donya, yen wis ana karamat daging, getih, balung, sungsum sak panunggalane kabeh, asale saka ing cahya muliha maring cahya, sampurna bali marang ing sung manech saka ing kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana kang alon.

Sasampunipun makaten rahsaning atma kita karaos kendel wonten ugel-ugel suku sakaliyan. Ing nalika punika waktunipun kadhatengan cahya mijil saking badan kita pribadi warni kados bungkalamukan mega pethak. Salebeting cahya katingal sipating rerupan wujud manungsa pethak abusana jenar, wuwusipun angaken nami malaekat utusaning para Nabi. Poma! Sampun ngantos kaimanaken ing sak wiraosipun, sabab punika wewayangan dating manah kita pribadi. Ing riku anarika napas saking sawetawis dangunipun, sarta mawi angendelaken saniskara, lajeng nyipta musus budi makaten:

”Biduningsun kang metu saka ati maknawi, ati sanubari, ati suweda, ati puat, ati siri sapanunggalane kabeh, ing sun pusur dadi sawiji dumunung sajroning angen-angen, angirup karkating jasad saking kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana malih kang alon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.

2. Inggang sak angkatan kaping kalih, manawi rahsaning atma kita karaos mingset malih, awit saking ugel-ugeling suku sakaliyan, lajeng katingal saking pangraos kados kukus abrit medal saking badan kita pribadi, punika mratan dani larading erah kita kang asipat abrit. Ing riku ana rika napas saking sawatawis dangunipun sarta mawi angendelaken saniskara, lajeng anyiptoa muntu napsu kita kados makaten:

”Napsuningsun luamah, amarah, supiyah, mutmainah, sak hawane kabeh ingsun puntu dadi sawiji dumunung sajroning karsa, angirup karkating budi saka ing kodratingsun”. Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana kang alon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.

Sasampunipun makaten rahsaning atma kita karaos kendel ing jengku, lekas anarik keteging suku sakaliyan. Ing nalika punika waktunipun kadhatengan cahya mijil saking badan kita pribadi malih. Salebeting cahya katingal peksi warnipun kados wuwusipun angken nama burak, amalampah katitihana dhateng swarga.

Poma! Sampun ngantos kaimanaken ing sawiyosipun, sabab menika wawayangan dating manik kita pribadi, wimbuh dhafeng soroting jantung kita pribadi. Ingriku anarika napas saking sawatawis dangunipun sarta mawi angendelaken saniskara, lajeng anyipta angimpun roh kita kados makaten:

”Roh ingsun jasmani, nabati, napsuni, rohani, rahmani, nurani, hilapi sapanunggalane kabeh, ingsun impun dadi sawiji dumunung sajroning sedya, angirup karkating napsu saka ing kodratingsun.”

Nunten paraiking napas kawedalaken saking lenging grana malih kang alon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.

3. Inggang sak angkatan kaping tiga, manawi rahsaning atma kita karaos mingset malih awit saking jengku sakaliyan kasarengan anarik rahsaning atma kita inggang karaos mingset saking jengku panunggiling driji asta kiwa tengen, lajeng katingal saking pangraos kados wonten kukus jene medal saking badan kita pribadi, punika mratandhani larating erah inggang sem-



burat jenar, nunten saantawis rahsaning atma kita ingkang mingset saking jengku karaos kendel wonten ing walakang, sareng kaliyan rahsaning atma kita ingkang mingset saking panungguling driji asta kiwa tengen karaos kendel wonten ugel-ugeling asta kalih pisan. Ing nalika punika waktunipun kadhatengan cahya mijil saking badan kita malih, salebetipun katingal wonten tiyang jaler bagus warnipun, paningal kados kilat, wuwusipun giri-giri paksa damel gara godha, lesanipun tansah medal latu, swara kados gelap. Poma! Sampun ngantos kagingsir ing cipta, sabab punika wawayangan dating budi kita pribadi. Ing riku anarika napas saking sawatawis danguni-pun, sarta mawi angen delaken saniskara, lajeng anyipta anuntumaken rahsa kita kados makaten:

”Rahsaningsun kang tumerah saka ing siribdadi, sir kahari, sir kamali, sir ngaji, sir khakiki, sir wahdi, ingsun tuntumaken dadi sawiji sajroning cipta angirup karkating roh saka ing kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana kang alon, lajeng pasrah nalongsa dhateng dat kita pribadi.

4. Ingkang sak angkatan kaping sekawan, manawi rahsaning atma kita kraos mingset malih, ingkang saking walakang kasarengan narik rahsaning atma kita ingkang karaos mingset awit saking pucuking murat sareng lawan rahsaning atma kita ingkang mingset saking ugel-ugeling asta kalih pisan, lekas narik keteking asta sakaliyan, lajeng katingal saking pangraos kados wonten kukus pethak medal saking badan kita pribadi, punika mratandhani larating erah kita kang asemu pethak, nunten ing sak antawis, rahsaning atma kita ingkang mingset saking walakang utawi saking pucuking murat sami karaos kendel wonten puser, ingkang saking ugel-ugeling asta kalih pisan karaos kendel wonten ing sikut kalih pisan, boten antawis dangu napas kita kawit suda amung kantun kawan keteg leres. Sabab ingkang kasebut wonten salebeting kitab kayatun nuppus etanging napasing tiyang saras sareh punika ing dalem sak ambegan gangsal tengah ketek, ing dalem kalih ambegan dados sangang keteg leres. Ing nalika punika waktu nipun

kadhatengan cahya mijil saking badan kita malih, alimengan kados petenging dalu, salebeting cahya katingal kados kaca, salebeting kaca katingal wonten sesotya gumilang gilang, salebeting sesotya wonten tiyang estri semunipun kados angacarani. Poma! Sampun ngantos kagimir reping cipta, sabab punika wawayangan dating napsu kita pribadi, ing riku sampun andungkap dumugining jaman keramatolah, dipun saronta nunten anarika napas saking sawetawis dangunipun, sarta mawi angendelaken saniskara, lajeng anyipta ngumpulaken kawula gusti kados makaten:

“Ingsun dating Gusti kang asipat Esa, anglimputi ing kawulaningsun, tunggal dadi sak kahanan, sampurna saka kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana kanthi alon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.

5. Ingkang sak angkatan kaping gangsal, manawi rahsaning atma kita kraos mingset malih awit, saking puser manginggil, lekas anarik keteking pajaleran, manawi estri keteging baga, sareng kaliyan rahsaning atma kita mingset malih saking sikut kalih pisan, lajeng katingal saking pangraos kados wonten kukus ijo medal saking badan kita pribadi, punika amratandhakaken larating erah kita kang asorot ijo, nunten sak antawis rahsaning atma kita ingkang mingset saking puser karaos kendel saking ing jaja, ingkang saking sikut kalih pisan karaos kendel wonten ing sesalang lajeng anunggil wonten ing sak madyaning jaja. Mboten antawis dangu napas kita suda malih amung kantong tigang keteg. Ing nalika punika waktunipun kadhatengan cahya mijil saking badan kita malih warnini pun kados mega, angadeg saking pulung galih demugi ing sirah. Salebeting cahya katingal sipating rerupan warni-warni tanpa etangan, sami angaken nami malaekat badheamethuk ing kita. Poma! Sampun ngantos kenyut ing cipta, sabab punika wawayangan dating suksma kita pribadi. Ingriku sampun wiwit angambah salebeting jaman keramatolah. Dipun santosa, nunten anarika napas saking sawatawis dangunipun sarta mawi angendelaken

saniskara, lajeng anyipta angrakit karatoning dat kita kang Maha Mulya kados makaten:

“Ingsun Dat Kang Maha Luhur, jumeneng ratu agung, amurba amisesa kang kawasa andadekake karatoningsun kang agung maha mulya. Ingsun mengku sampurna sak kepraboningsun, sangkep sak isining karatoningsun, pepak sak balaningsun kabeh ora ana kangkekurangan, byar gumelar dadi sak ciptanipun, ana sak sedyaningsun, teka sak kar saningsun kabeh saka ing kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking lenging grana malih kangalon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi.”

6. Inkgangsak angkatan kaping nem. Manawi rahsaning atma kita karaos mingset malih awit saking sak madya ning jaja, lajeng katingal saking pangraos kados wonten latu sumirat medal saking jaja kita pribadi, punika mratandhani atering sakaliring jaringan kita salebeting guwa garba sami sumengka dhateng pulung manah, lajeng maras kita tumungkep ing galih, andadosaken sesegipun ing napas, amung kantun kalih keteg temah amurukaken keleting jlagra, ingriku anarika napas saking kiwa tengen ka kumpulaken wonten ing puser, lajeng katarik manginggil leres ingkang sareh, kendel tinata wonten jaja, dipunenget sampun ngantos tumpang suh kumpuling napas, tanapas, anpas, nupus.

Napas punika tetangsuling jisim, dumunung wonten manah suweda, tegesipun woding manah, wahananipun dados angin ingkang medal saking badan kemawon, marginipuning lesan. Tanapas punika tetangsuling manah, dumunung wonten ing puser, wahananipun dados angin kang manjing dhateng badan kemawon, wedalipun saking grana.

Anpas punika tetangsuling roh, dumunung wonten ing jantung, wahananipun dados angin kang tetep wonten ing lebet kemawon, manawi medal saking talingan.

Nupus punika tetangsuling rahsa, dumunung salebeting manah pungat kang pethak, inggih punika wonten ing woding jantung, wahananipun dados angin kang medal angiwa nengen

saking badan, anunggil kaliyan keteking jongga, pakartinipun anglimputi sakaliring jasmani kaliyan rohani.

Manawi sampun kumpul dados satunggal, napas, tanapas, anpas, nupus wau lajeng katarik manginggil ingkang alon, dumugi ing tenggak punika kasarengan rahsaning atma kita ingkang mingsed saking sak madyaning jaja karaos kendel wonten ing riku, lajeng anyiptoa maha suci, hanyucekaten ing dat kita kados makaten:

”Ingsun dat kang Mahasuci asipat langgeng, kang a murba amisesa kawasa, kang sampurna nirmala waluya ing jatningsun kalawan kodratingsun.”

Nunten panariking napas kawedalaken saking.lenging granz malih ingkang alon, lajeng pasrah analongsa dhateng dat kita pribadi, mboten antawis dangu napas kita sampun suda malih namung kantun sak ketek, tegesipun sareng kemawon kaliyan ebahing ketek kita. Ing nalika punika waktunipun kadhatengan cahya mijil saking badan kita malih, agengipun namun sarema katingal ngadeg ing larapan kita, nunteng manjing dhateng netra, tumurun dhateng karna, dhateng grana, dhateng lesan, dhateng murda, medal malih kados lintang minggah dhateng puser lajeng amurut dhateng jaja, dhateng jangga, demugi ing embun-embunan, kasat mata saking sak lebeting cipta manjing dhateng utek, lajeng wonten ingkang katingal saking pangraos kados tiyang lenggah ing arahing tengen kita, angaken malaekat badhe amedalaken cahya saking sakle beting utek kabekta dhateng khalaratulah. Ing riku sampun kasupen sarta prayitna a mbokmanawi manjing ing dalem panasaran, sabab punika wewayangan dating rahsa pribadi.

Sasampunipun makaten rahsaning atma kita karaos mingset malih, awit saking tengah tumindak saklebeting uta mongga, ing nalika punika lajeng kaengeta saliring janji kaliyan prasetya, sabab sampun sarwa suci mboten kalimputan dening reregeding lahir batin. Menggah liring janji kaliyan prasetya wau kasebut ing dalem kitab bayanungahdi ingkang mratelakaken waktuning dinten janji, inggih punika alam arwah, rahsa, nyawa, napsu, sami janji mboten pisah, lajeng aprasetya sowang-sowang ing tembe

demugining janji badhe sampurna sareng kaliyan kanyahaning dat kita pribadi.

1. Kanyatakaning dating rahsa, tumanggap ing dalem batos panas asrep sak panunggilanipun.
2. Kanyatakanipun dating nyawa, tumanduk ing dalem lampah rah andadosaken tuwuhing wulu, kuku, waja miwah lumung-suring kulit sarta daging.
3. Kanyatakanipun dating napsu gumelar ing dalem mengamine-bing babahan hawa sanga, andadosaken panjang wijilling panas miwah sabawaning swara.

Sareng lahir bebayi saking guwa garba, punika sayek ening prajanjian kalampahan, ingkang sasampunipun sami sanggem sinanggeman, lajeng kapiyarsa tangising bebayi, dene dhawahing janji kala taksih alam arwah, lami enggalipun dumugining janji mawi katondha wonten netyaning bayi, sareng tuwuh dados bebayi penengeripun wonten surating larapan akaliyan wonten rajahing asta, pada.

Manawi ingkang sampun waskitha ing gaib, saestunipun sumerep ing suraosing sadaya.

Sasampunipun makaten nunten anarika napas ing sak kuwawinipun sarta mawi angendelaken saniskara, ingriku lajeng anyip-toa ngaken tajalining Pangeran kang Maha Kuwasa suci sejati, pangakenipun kados wisikan ananing dat, inggih punika ingkang kadamel wiwitaning wejangan, makaten osikipun ing dalem cipta.

”Sajatine ora ana apa-apa, awit duk maksih awang-uwung durung sawiji-wiji, kang ana dhingin iku ingsun. Ora ana Pangeran nananging ingsun sajatine Dat Kang Maha Suci anglimputi ing sipatingsun, anartani ing asmaningsun, amratandhani ing apngaling-sun.”

Ing nalika punika napas kita sampurna, amung kantung keteking tenggak kewala, amratandhani kukuting erah sadaya, kumpul dados satunggal dados rahsa jati mawa cah ya amung sak pucuking tugi, nanging amadhangi ing alam sadaya, sarta darbe swara kados guntur, kapiyarsa saking pangraos kita pribadi. Tan

pantara lajeng katingal saking pramana kita rahsa jati wau lajeng minggah dhateng ing sirah. Wungkul wonten ing ubeng unyeng-unyengan kasebut: kalamunyeng, tegesipun: sabda gaib manjing dhateng embun-embun manggen salebeting utek kasebut: kalamusirah, tegesipun: sabda ing dalem cipta. Ingriku kaciptoa licin mantuk dhateng nukat gaib. Tegesipun saliring jasmani kaciptoa luluh dados toya, nunten kaciptoa lenyep dados rahsa, nunten kaciptoa layat dados cahya gumilang tanpa wayanganing kahanan kita sajati.

Sasampunipun makaten ketek kita sampurna, amung kantun ketek ingkang wonten salebeting jantung kemawon. Lajeng karaos walikatipun saliring anggotaning salira sami keju linu sadaya, andadosaken netra bawur, kedhep kendel, talingan pengleh, grana mingkup, lidhah mangkeret, ing wekasan cahya surem, swara sirna, mboten saged aningali, amiyarsa, anggonda, amiraos, sage-dipun namun kaliyan cipta kemawon. Sabab nalika punika pramananing cipta. Ing riku panggenaning sirnaning hawa kita sadaya, kadosta: hawa janma, kawa sato wana, hawa iber-iberan, hawa gegremetan, hawa buron toya, ingkang dumunung ing dalem napsu kita. Sirnanipun sami medal saking sulbi kita pribadi, tegesipun iga wekasan kita ingkangkiwi.

Angger enget salebeting cipta kemawon patrapipun sadaya wau inggih sampun cekap.

Sabab salebeting jaman karamatulah punika waktuning makam ijabah, tegesipun panggenan katarima. Punapa sak ciptanipun dados, amargi sampurnaning mudah kantun wajah. Mudah punika dating kawula, sampurnanipun anunggil kaliyan wajah. Wajah punika dating Gusti kang asipat langgeng, samprunanipun dados asipat esa wonten ing jaman kalanggengan.

Menggah liripun amung saged kaliyan cipta kemawon wau dening sampun kinukut tataning sarengat, terekat, khakekat, makripat.

Sarengat punika lampahing badan, dumunungipun ing lesan.

Tarekat punika lampahing manah, dumunungipun ing grana.

Khakekat punika lampahing nyawa, dumunungipun ing talingan.

Makripat punika lampahing rasa, dumunungipun ing netra. Mila sajatosing sarengat punika lesan, tarekat grana, khakekat talingan, makripat netra. Dene ingkang kinukut rumiyin paningaling netra dados jamur, kaupamekaken bawuring kaca wirangi utawi asating jamjam. Nunten pam miyarsaning talingan dados tuli, kaupamekaken rentahing godhong sajaratil-muntaha, utawi kangsrahing khajaroswad. Nunten panggandaning grana dados bindheng, kaupamekaken guguring wukir ikrap, utawi rebahing ardi tursina, punapa dene sigaring wukir jabir, nunten pamiraosing lesan dados pelo, kaupamekaken bibrahing wot sirotol mustakim, utawi risaking kakbatulih.

Ing nalika punika keteking jantung sampurna amung kantung ketek ingkang wonten salebeting utek kemawon. Lajeng karaos nikmat saliring anggotaning sarira sadaya, anglangkungi nimating sanggama kala mangsanipun angedalaken rahsa. Amargi awit binuka khijabing Pangeran. Waktunipun sirnaning warana lajeng katingaling jaman karamatulah, tegesipun jaman kamulyaning Allah. Pangraosipun ing dalem ngadamkukmi dhatengipun sak kathahing cahya kang sami anglimputi datingkaraton, amawa tondha kapiyarsa salebeting cipta kados wonten swara rame surak ambal-ambalan, sampun ngantos kaget, sabab punika kumaraning hawa kita piyambak kang sampun sami sirna dados sampurna. Ingriku amung amusthiya pepuntoning tekad kang den santosa, kados ngibarating aksara alip kang jabar jer apes, ungetilipun: a, i, u, tegesipun aku iki urip. Lajeng anyip toa bronta ing dat, supados sampun kengetan dhateng ingkang kantung sedaya. Ing nalika punika mboten mawi antawis lajeng byar katingal ing alam kabir kados ingkang sampun dados wewangaiting kangjeng Susuhunan ing Kalijaga, amratelakaken ingkangbadhe kaleksanan ing salebeting jaman kramatulah, kayektosan ing salebeting jaman ngadamkuk mi katingal saking pangraos kados ing ngandhap punika:

1. Inggang umiyin awit katingal ing alam *lokiyah*, tegesipun alaming nyawa, apadhang dede padhanging rahina, tanpa ke blat wetan ler kilen kidul ing tengah ing ngandhap ing nginggil. Ingriku aningali saganten tanpa tepi, punika wahana-

ning manah kawimbunan cahyaning utek. Satengahing sagan-  
ten katingal wonten *duryat ponca maya*, tegesipun sesotya  
saking osiking gangsal werni, kados teja guma wang cahyani-  
pun. Punika wahananing jantung kawimbunan cahyaning  
johar awal inggih punika manik, ingkangponcamaya, anglim-  
puti jatining manah, dados pangarsaning sarira jumeneng  
telenging samodra tanpa tepi wau. Empanipun angawasaken  
amung dumunung wonten ing cipta, papanipun anyidikaken  
amung dumunung wonten ing paningal, pamiyarsa, pang-  
gonda, pamiraos miwah pangraos sak lebeting cipta, lajeng  
asarupa jalma dipun wastani: *mukalipat*, dening kawasanipun  
amung nunten sakaliring sipat sadaya. Ing nalika punika sam-  
pun ngantos kasamaran dhateng panengeraning rupa ingkang  
sejati, inggih punika kita pribadi jumeneng *alip muta kaliman  
wakit*, tegesipun sipat kang angandika sakecap tanpa karana  
lesan. Ingriku dipun mantep ing iktikat, sabab wewayanganing  
roh sampun angatingali sak lebeting pramana, inggih roh kita  
pribadi, sampurnanipun anunggil kahanan dhateng alaming  
rahsa, ing gih rahsa kita pribadi.

2. Ingkang kaping kalih. Sak sirnaning alam lokiyah katingal  
alam *siriyah*, tegesipun alaming rahsa. Padhangipun ngung  
kuli padhanging alam lokiyah. Ingriku dhatenging cahya kawan  
warni: cemeng, abrit, jene, pethak. Punika wahananing budi,  
amedalaken kahananing napsu hawa kawan prakawis ingkang  
sami kados durgamaning rahsaning manah.  
Katingalipun tumuruntum satunggal satunggal. Ingkang  
kawitan katingal rumiyin cahya cemeng, punika kahananing  
napsu luamah, hawanipun ing nalika gesang murugaken dahga,  
arip, luwe sak panunggilanipun, wahanaipun ing wadhuk,  
wahyanipun saking lesan, kadadosanipun ing sak lebeting  
cahya cemeng, katingal sakaliring sato kewan miwah gegremet-  
an sami anggora godha kados anganggep Pangeran. Prabawa-  
nipun bumi gunjing. Alaming napsu dipun wastani alam  
*nasut*, tegesipun supe. Ing nalika punika panggenaning supe.  
Poma dipun enget sarta santosa, sampun ngantos korup  
salebeting cahya cemeng, mbokmanawi nitis dhateng sato



kewan utawi gegremet.

mBoten antawis dangu cahya cemeng sirna, nunten katingal cahya abrit. Punika kahananing napsu amarah. Wahananipun ing nalika gesang amurugaken angkara, panasten, deduka ing sapanunggilanipun, wahananipun ing amperu, wahyanipun saking karna. Kadadosanipun ing sak salebeting cahya abrit katingal sakaliring budi srani, brekasaan, inggih sami anggora godha kados anganggep Pangeran. Prabawanipun latu ageng murub ngalad-alad. Alaming napsu dipun wastani alam: *jabarut*, tegesipun asreng. Ing nalika panggenaning rekaos, poma dipun sareh sarta santosa, sampun ngantos korup wonten ing cahya abrit, mbokmanawi anitis dhateng brekasakan.

mBoten dangu cahya abrit sirna. Nunten katingal cahya jene. Punika kahananing napsu supiyah. Hawanipun nalika sang murugaken murka, pepengingan, pekareman, kabingahan ing sak panunggalanipun, wahananipun ing limpa, wahyanipun saking netra. Kadadosanipun ing saklebeting cahya jene katingal sak kaliring peksi miwah bongsa iber-iberan, inggih sami anggora godha kados anganggep Pangeran. Prabawanipun angin ponca warna ageng. Alaming napsu dipun wastani alam *lahut*, tegesipun gingsir. Ing nalika punika panggenaning renggang sak kaliring anggotaning sarira. Poma dipun tetep santosa sampun ngantos korup wonten salebeting cahya jene, mbokmanawi anitis dhateng pek si miwah bongsa iber-iberan.

mBoten dangu cahya jene sirna. Nunten katingal cahya pethak. Punika kahananing napsu mutmainah. Hawanipun ing nalika gesang amurukaken lobaning kautamen ing sak panunggilanipun, kadosta: nglampahi puja brata ingkangke lantur-lantur mboten mawi watawis. Wahananipun ing balung, wahyanipun saking grana. Kadadosanipun ing salebeting cahya pethak katingal sakaliring ulam loh miwah sak bangsa-ning bebujengan toya wonten ing sagaten rahmat, inggih sami anggora godha kados anganggep Pangeran. Prabawanipun toya wening tanpa sangkan, alaming napsu dipun wastani alam: *malakut*, tegesipun karaos. Ing nalika punika panggenanipun

uninga ing karaton, poma dipun waspada sarta santosa, sabab dede sajatining karaton kang rinakit maha mulya. Sampun ngantos korup saklebeting cahya pethak, mbokmanawi anitis dhateng ulam loh miwah sak bangsaning bebujengan toya. Menggah sampurnanipun sakawan pisan punika sami anunggil kahanan dhateng alaming cahya, inggih cahya kita pribadi.

3. Ingkang kaping tiga. Sak sirmaning alam sirriyah katingal alam: *nuriyah*, tegesipun alaming cahya. Padhangipun nglangkungi padhanging alam sirriyah. Ingriku dhatenging cahya moncawarna, cemeng, abrit, jene, pethak, ijo. Gumelar sareng sami katingal, karaos sami rerasan sedaya. Punika wa hananing poncadriya kawimbunan cahyaning pramana. Alaming poncadriya dipun wastani alam: *hidayat*, tegesipun pitedah, dene anedahaken panggenaning ing nalika gumelaring karaton, ananging dene sajatining karaton kang rinakit maha mulya, inggih punika maratoning panasaran, kadosta: karaton ingkang katingal wonten salebeting cahya cemeng, punika karaton dating sato kewan miwah gegremetan. Ingkangkatingal wonten salebeting cahya abrit, punika karaton dating brekasakan. Ingkang katingal wonten salebeting cahya jene, punika karaton dating peksi miwah bongsa iber-iberan. Ingkangkatingal wonten salebeting cahya pethak, punika dating ulam loh miwah bangsaning buron toya. Ingkang katingal wonten cahya ijo, punika karaton dating tetuwuhan.

Nunten nalika punika wonten kapiyarsa suwara kados tangising bayi lahir, lajeng mangsit anedahaken karaton ingkang agung kang amaha mulya, poma dipun jinem sarta santosa, sampun anyipta milih salah satunggal, bikmanawi klebet ing karaton panasaran.

Menggah sampurnanipun ingkang katingal makaten punika sami anunggil kahanan dados cahya wening wonten salebeting alam nuriyah, inggih taksih cahya kita pribadi.

4. Ingkang kaping sekawan. Taksih salebeting alam nuriyah.

Ing riku katingal cahya wening. Salebeting cahya wonten urub satunggal angadeg sak sada jaler agengipun, darbe sorot wolung warni, cemeng, abrit, jene, pethak, ijo, biru, wungu, dadu. Gumelar sami katingal swarga sarwa asri sadaya, punika wahananipun warnaning pramana kawimbunan dening sukma. Alaming pramana dipun wastani alam: *ngiskat*, tegesipun birahi, dening panggenanipun romaos branta dhateng gumelaring swarga, ananging dede sejatining swarga kang amaha suci, dede pang genan kang nikmat manpangrahmat, inggih punika kayangan ing jim sadaya, amung panggenan kamukten kemawon kadosta: ingkang katon swarga, sarwa cemeng meles meleng-meleng mimba musthikaning bumi, punika kadadosan *saking kanisthaning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim cemeng.

Inkang katingal swarga sarwa abrit abra markata mimba sesotyia geni yara, punika kadadosan *saking dhusthaning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim abrit.

Inkang katingal swarga sarwa jene, sumunar mimba retina dumilah, punika kadadosan *saking doraning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim jene.

Inkang katingal suwarga sarwa pethak maya-maya wenes mimba manik maya, punika kadadosan *saking setyaning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim pethak.

Inkang katingal swarga sarwi ijo, angunguwung mimba manik tejamaya, punika kadadosan *saking santosaning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim ijo.

Inkang katingal swarga sarwi biru muyeg mindha manik nila pakaja, punika kadadosan *saking sambawaning cipta*, yen jumeneng wonten ing riku mbokmanawi dados ratuning jim biru.

Inkangkatingal swarga sarwi wungu menges mimba manik pusparaga, punika kadadosan *saking sambadaning cipta*,

yen jumeneng wonten ing riku bokamanawi dados ratuning jim dadu.

Ing nalika kambet sakathahing kahyangan wau amrik arum angambar bikmanawi kalebet ing swarga panasaran. Menggah sampurnaning ingkang katingal kados makaten punika sami anunggil kahanan kados cahya mancur wonten salebeting alam uluhiyah inggih taksih cahya kita pribadi.

5. Ingkang kaping gangsal. Sak sirnaning nuriyah katingal alam *uluhiyah*, inggih punika alam ilahiyah, tegesipun alaming Pangeran.

Padhangipun anglangkungi padhanging alam nuriyah. Ing riku katingal cahya mancur, salebeting cahya wonten sipating rerupan kados tawon gumana, jumeneng ing makam fana, tegesi pun panggenan waskitha, punika warnaning suksma kang amimbuhi salwiring warna sadaya, anglimputi sak ubenging jagad alit jagad ageng ing sak isen-isenipun saking pramananing rahsa. Ing nalika punika dhatenging malaekat awarni bapa, kaki sak panunggilanipun leluhur jaler angaken utusaning Dat kang Maha Suci, kinen ngirid dhateng khalaratulah. Poma dipun santosa, sampun ngantos angimanaken, sabab punika apngaling sukma kita pribadi. Menggah sampurnanipun ingkang katingal makaten wau sami anunggil kahanan dados cahya mancorong wonten salebeting alam uluhiyah ugi, inggih cahya kita pribadi.

6. Ingkang kaping nenem. Taksih sak.lebeting alam uluhiyah, sangsaya wewah padhangipun. Ing riku katingal cahya mancorong. Sak lebeting cahya wonten sipating rerupan kados golek kencana asawang puputran mutyara. Dede jaler, dede estri, dede wandu, jumeneng alam baka, tegesipun panggenan langgeng. Punika pramananing rahsa, kang amurba amisesa ing alam sadaya, ananging gesangipun saking dating atma. Ing nalika punika dhatengipun widadari awarni biyung, nini, sak panunggilanipun leluhur estri, angaken utusaning Dat kang Maha Suci kinen ngirid dhateng khalaratulah. Poma dipun santosa sampun ngantos angimanaken, sabab punika apngaling rahsa kita pribadi. Menggah sampurnaning ingkang

katingal makaten punika sami anunggil kahanan dados cahya gumilang tanpa wewayangan wonten salebeting alam uluhiyah ugi, inggih taksih cahya kita pribadi.

7. Ingkang kaping oitu. Taksih sak lebeting alam uluhiyah. Tanpa kinten-kinten padhangipun. Ing riku mboten katingal punapa-punapa, amung cahya gumilang tanpa wewayangan. Punika anunggil cahyaning Dat kang Sipat Esa, boten jaman boten makam, boten arah boten enggen, tanpa kontha rupa warna, sepen saking gonda rasa swarsa, amung waluyá kados kala kadim ajali abadi. Kadadosanipun atma kita asarupa Maha Mulya, kang amurba amisesa kang kawasa anitahaken sakaliring alam, anglim puti ing alam sadaya, apranawa mengku sak liring makam sampurna. Gesang piyambak mboten wonten kang anggesangi, dipun basakaken kayunbilarohkim, tegesipun gesang tanpa nyawa, ing gih punika kados tajalining gusti ingkang Maha Suci sejati, kang agung datipun, kang wisesa asmanipun, kang sampurna apngalipun, dumunung ing gesang kita pribadi. Ing riku marginipun ngibarat; *konusing curiga supana, anglimputi warongka ka jeng gesang ingkang sejati*. Amawa tondha kasat mata ing dalem cipta kadosgebyaring caleret medal saking badan kita pribadi, inggih punika sampurnaning ketek ing salebeting utek, sareng kaliyan sampurnaning atma dados cipta, sampurnaning cipta dados kawasa, sampurnaning kawasa dados purba, sampurnaning purba dados wisesa, sampurnaning wisesa dados waskitha, lajeng mboten mawi antawis pamoring kawula gusti, apulang kayun ing dalem nur mukhamad kakiki, tegesipun tunggal gesang wonten salebeting cahya sejati ingkang gumilang tanpa wewayangan, inggih puni ka duryating gesang kita wangsul dhateng duryat mantuk dados sajatining dat mutlak kang kadim jali abadi. Dipun basa kaken khatun pidhareni, tegesipun gesang ing kahanan alih, wonten ing alam sahir kita gesang, dumunung ing kalarat kita kang sejati, langgeng wonten salebeting kahanan kang Maha Mulya sarwa nikmat manpangat rahmat tanpa karana. Tegesipun; punapa kahananing riku mijil saking kodrat kita sadaya.

Sami sak nalika lajeng rumaos waluya dados dating Gusti kang Maha Suci sejati asipat Esa. Tandhanipun dening kayektosan manawi aningali tanpa netra, inggih punika muhung was kitha. Amiyarsa tanpa karna inggih punika muhung wisesa. Anggonda tanpa grana, inggih punika muhung purba. Ngandika tanpa lesan, inggih punika muhung kawasa. Ing temahan sampun sarwa kawasa mengku purba wisesa sarta waskitha boten mawi kasamaran dhateng ingkang gaib-gaib. Sarta enget ing wentehan saniskaraning purwa, madya, wasana sadaya. Sampun uwas sumelang malih, ing wekasan sumongga.

Anggen-anggen wonten ing karsa, katarima wonten ing sarira. Sarehning kula amung dermi angimpun sakaliring ngelmi saking wewejanging guru satunggal-satunggal, pangraosing manah sampun jangkep etangipun, kiranga kados boten patos kathah wewahipun. Ewadenten kala rumiyin wonten ingkang pangunguning manah kula ing sak derengipun kajatosan dening guru, inggih punika amung bab pepangkatananing sakaratilmaot, salebeting ngadam kukmi teka mawi angraos katingal samukawis ingkang ndadosaken durgamaning sangkan paran. Pamanggihing manah kula kaelokan temen dening teka ndadak antan-antan mawi nyarantosaken pangkating titingalan satunggal-satunggal. Manawi saestua kalampahan makaten saiba anggenipun kami ecanen apangraos dhateng tetinggalan punika. Kala samanten kula lajeng amiterangaken dhateng kaki guru, wangsulanipun kados ing ngandhap punika:

”Sira iku jebeng, andupara manawa rupeka ing pambudi. Ananging lagi kadung saka panimbangin watara. Wruhanira kang kapratelakaken ana ing pepangkatananing sakaratilmaot iku minangka pituduhan marang wong mukmin kang supaya sumurupa kang bakal kaleksanan ing delahan, bebasan sak becik-becikane anglakoni tanpa tuduh, sayekti prayoga kang weruh nganggo susurupan. Ngibarate kaya wong desa arep seba ing ratu. Winarah saka ing pangurakan, nuli ngambah ing gladhag, nuli ngambah ing waringing kurung, manawa metu ing sitinggil iku angambah pagelaran, nuli ngambah sajroning sitinggil, nuli ngambah ing kori braja nala, nuli ngambah ing kori kemadhungan, nuli ngambah ing kori sri-

manganti, nuli ngambah palataran sa jroning pura, ing kono manawa ana begjane bisa marek ing nga byantara nata. Dene kang kaambah mau sayekti padha isen-isene sarta ana kang dadi larangane dhewe-dhewe, Pae kang wus parek ing ratu, sebane ora susah nganggo pituduh, laju bisa maring ngabyantara nata kewala.

Kaya mengkono uga ing jaman sakaratilmaot, manawa wong kang wus tinitah dadi mukmin kas saka katrimane lakune dhewe sayekti bisa angesthi cipta cancuding amatrapake panjenengane Dat supaya ora karasa apa-apa, lan aja kongsi ana katon sawiji-wiji laju kawasa manjing ing alam uluhiyah kewala, anunggal kahanan lawan Pangeran kang Maha Suci ana ing dalem cahya gumilang tanpa wewayangan, hiya cahya pribadi.

Samono iku terange pisan wus kasebut ana ing kekiyasan dalem ingkang sinuhun kangjeng Sultan Agung ing nalika karsa amrayoga patraping sangkan paran metu saka ilhaming panggalih dalem kekeran sajati mupakat lawan kanyatakane, kaya kocap ing riwayat duk iman rohaniyah Jakfarsidik ing tanah Arab wus nglakoni seda ing dalem sedina wekasan bisa gesang maneh. Iku anyaritakake kang katingal awit angangkat karaos mingset rahsaning atma. Ing sabanjuru kongsi kutuk sa jroning alam uluhiyah, tekaning widadari, ingkono iman rohaniyah Jakfarsidik kasmaran maring widadari iku. Rahayune ka emutake laju jinatenan manawa meh andungkap ing kahanan kang amaha mulya sajroning cahya gumilang tanpa wewayangan. Ananging durung mangsane bisa tumeka ing kono. Wekasane iman rohaniyah Jakfarsidik kinen bali marang alam donya, nganggo tinuduhake dalan kang bener, sarta winarah jatining saniskara kang katingal kabeh. Iku kamulane iman rohaniyah Jakfarsidik kacarita bisa wungu saka ing seda laju kasebut rohaniyah, tegese nyawa akeh. Murade binasakake sugih nyawa, manawa ing tanah Jawa kangjeng susuhunan Kalijaga hiya mang kono uga, ananging kawasa anancudake ing pangukudan, sartane laju muksa dadi rijalolah gaib kongsi ing seprene iki. Ana wasitane kang winarahake, manawa rumongsa kliru pangarah kita ing tembe, patrape sajrone tumiba ing alam panasaran iku amung meneng sarta santosa. Ing kono sirnaning

bebeka rencana bokmanawa bisa laju tutug ing kahanan kita kang sajati.”

Sareng kaki guru sampun jarwa makaten punika, teka anarimah raosing manah kula, dene mindhak terang ing seserepan saking angsal parmaning Pangeran kang Maha Suci.

Ing mangke andumugekaken urut-urutaning panengeran ing kang kawistara dhateng liyan. Kapratelakaken ing ngandhap punika, pamawangipun saking pamatawis ingkang sampun kalam-pahan.

1. Inggang rumiyin manawi sampun angsal panglulu ing pangge sanganipun, tondha badhe anandhang wekasan ing salebeting tigang tahun ingriku.
2. Inggang kaping kalih. Manawi sampun darbe lageyan ingkang ewah saking adatipun, tondha badhe anandhang salebeting kalih tahun ingriku.
3. Inggang kaping tiga. Manawi sampun angenggal-enggali salah bawanipun, tondha badhe anandhang pulungan salebeting setahun ingriku.
4. Inggang kaping sekawan. Manawi sampun salin kelakuanipun tan satata kadosta; tiyang kereng dados alim, tiyang remen ing parameyan dados kerep wonten ing asepen sapanunggilanipun, ingkang makaten punika tondha badhe anandhang racuting ing salebeting nem wulan ing riku.
5. Inggang kaping gangsal. Manawi sampun wangsul dhateng wewatekanipun kados rikala lare, tondha badhe anandhang kukudan salebeting tigang wulan ing riku.
6. Inggang kaping nem. Manawi sampun katingal surem netrani pun, tondha badhe anandhang sakit ingkang dados jalaraning tilar donya salebeting sawulan ing riku.
7. Inggang kaping pitu. Upami wonten ingkang sampun anandhang sakit, punika kawawasa ing urubing netranipun, manawi taksih angadeg, tondha dereng pasthi ing janjinipun. Manawi sampun dhoyong tondha meh parek amung kantun gumilar-gilar kemawon, andadosaken uncadipun wewayangan



salebeting netra lajeng kami sawangen, kedhep sampun kendel, punika tondha sampun andungkap dhatenging janji, kantung antawis sangat kemawon.

8. Inggang kaping wolu. Manawi inggang sakit wau kawawas sampun sonya mathinipun, utawi ulatipun sampun pucet, ing wekasan talingan sampun pengelhn, grananipun mingkup, nggrayangi badan sampun asrep, ketegipun sedaya sepen, lajeng kambet gandaning sawa, punika tondha sampun dumugining janji, angalih panggenan kang maha mulya anunggil kaliyan kahananing dat kita kang Maha Suci insyaallahu tangala.

Dene menggah patraping pamawas punika; pucuking grana kita kasipat kaliyan tengahing jajanipun inggang sakit, lajeng winawas sarwi amegeng napas saking sawatawis dangunipun, ingriku angeningaken cipta sami saknalika asih amatrapaken kodrat iradating dat kita pribadi. Sampun mawi uwas sumelang malih.

Ing wekasan kajawi inggang sampun kasebut sadaya wau, ing mangke wonten patraping pamawasan anengering guwayanipun tiyang inggang badhe angsal begja, utawi inggang badhe kedhatengan cilaka. Saking adat inggang sampun kalampahan kados ing ngandhap punika pratelanipun.

Menggah inggang badhe cilaka guwayanipun katingal gangsal werni.

1. Guwaya mesem semu ijo anglayung, tondha badhe kasusahan.
2. Guwaya pucet semu biru, tondha badhe kalingseman.
3. Guwaya abrit semu cemeng, tondha badhe nepsu.
4. Guwaya jene semu pethak, surem-surem tuntung klawu, tondha badhe sakit.
5. Guwaya pethak semu ijo meles, tondha badhe pejah.

Menggah inggangbadhe angsal begja, guwayanipun katingal gangsal werni.

1. Guwaya sumringah, tondha badhe angsal kabegjan.
2. Guwaya meles, tondha badhe kabrayan.
3. Guwaya manther, tondha badhe angsal panggesangan.
4. Guwaya mancur, tondha badhe angsal pangawikan.

5. Guwaya mancorong, tondha badhe angsal kanugrahan.

”Walla hu alam.”

### **Bab: 10. Warahing Maklumat jati**

Punika warahing maklumat jati, ingkang anguningakaken dunungan menggah kakekatipun Dating Pangeran kang Maha Suci. Sarehning binasakaken sakalangkung gaib, tanpa rupa tanpa warna, asipat dede jaler dede estri dede wandu, sarta mboten mawi jaman makam, boten arah boten enggen, dinulu boten katinggal, dinumuk boten kantenan. Punika isbatipun amung cipta sasmita dumunung wonten ingkang waskitha. Mila kasebut wonten pangiyasing guru ingkang winisikaken dhateng para muridipun kados makaten.

Sajatosipun mboten wonten menapa-menapa, sakathahing asya ingkang kasebut punika dede tajalining dat sadaya, tegesipun dede pangeja wantahing Pangeran kang Maha Suci sajati. Inggih punika kang amurba amisesa kang kawasa mungguhing Ingsun, kang maha mulya, maha suci muhung Ingsun.

Menggah wisikan makaten punika manawi dereng saged nampeni ing panggalih mugi dipun taberi sami amarsudi ing suraosipun pangimpuning para wewejangan sadaya. Kados ing kang kasebut wonten wewarahing maklumat jati makaten:

Ing sak derengipun wonten menapa-menapa, kahananing alam kabir kaliyan alam sahir sak isinipun dereng sami dumados sadaya. Inkang wonten rumuhun piyambak amung Dat kang Maha Suci. Sajatining Dat kang Maha Suci punika asipat Esa, dipun binasakaken Dat mutlak kadim ajali-abadi, tegesipun asipat satunggal, kang amasthi rumuhun piyambak kala taksih awang awung salaminipun ing kahanan kita. Inggih punika jumeneng pribadi wonten salebeting nukat gaib ingkang sak kalangkung langgeng dumunung ing gesang kita punika tajalining dat kang maha suci sejati. Milanipun wajib sami sageda rumeksa dhateng gesang kita, pribadi, margi saking angatos-atos, saha gemi nastiti ingkang dados sangkaning panggesangan, sampun ngantos kapiran boten jumeneng ing gesangipun. Pae ingkang sampun tinitah mukmin, kareksaning gesang saking saged anetepi tokhid, angan tepi iktikat.

Sabab ing bebasanipun mboten susah manawi mlarat, mboten uwas dening kaluwen, boten maras saking sawek kaganjar sakit, mboten ajrih dhatenging pejah. Manawi taksih tinitah kawula, saestu kedah anglampahi ihtiyar ingkang andadosaken santosaning ngagesang.

Menggah gesang kita punika tételanipun manawi dados tajalin ing Dat kang Maha Suci sajti, dening kayektosan ingkang dados tandhanipun kadunungan angen-angen ambabaraken kodrat iradat kita pribadi punika sayekti terusaning kodrat iradatipun kangkawasa asipat kayat, tegesipun asipat gesang, inggih gesang kita pribadi. Mila wujud ing gesang kita punika babaripun mawi pepangkatan dumunung ing pitung kahanan, inggih punika minangka warananing Dat, dados wahaning sipat, asma, apngal kita sadaya, kados kapratelakaken ing ngandhap punika teturutanipun:

1. Khayu, tegesipun gesang, nunggil kahananing Dat.
2. Nur, tegesipun cahya, dumunung sak jawining gesang.
3. Sir, tegesipun rahsa, dumunung sak jawining cahya.
4. Roh, tegesipun rahsa, dipun wastani sukma, dumunung sak jawaning rahsa.
5. Napsu, tegesipun angkara, demunung sak jawining sukma.
6. Akal, tegesipun budi, dumunung sak jawining napsu.
7. Jasat, tegesipun badan, demunung sak jawining budi.

Dene khayu punika mila anunggil kahananing Dat, awit ing kang kapasrahan pangawasa kinarsakaken anggesangi kahananing cahya, rahsa, sukma, napsu, budi, badan sadaya, sumrambah saking wiwitan demugi ing wekasan, menggah wewijanganipun kados ing ngandhap punika:

1. Ing nalika khayu anggesangi kahananing cahya, sumarambah ing netra, wahananipun saged ningali, inggih punika paningaling dat angagem ing netra kita.
2. Ing nalika khayu anggesangi kahananing rahsa, sumarambah ing grana, wahananipun dados saged anggonda, inggih punika panggandaning dat angagem grana kita.
3. Ing nalika khayu anggesangi kahananing sukma, sumarambah

ing lidhah, wahananipun dados saged ngandika, inggih punika pangandikanipun dat angagem ing lesan kita.

4. Ing nalika khayu anggesangi kahananing napsu, sumarambah ing talingan, wahananipun dados saged amiyarsa, inggih punika pamiyarsaning dat angagem karna kita.
5. Ing nalika khayu anggesangi kahananing budi, sumarambah ing manah, wahananipun saged birahi andarbeni karsa, inggih punika karsaning dat angagem manah kita.
6. Ing nalika khayu anggesangi kahananing jasat, sumarambah ing erah, wahananipun saget ambegan, lajeng anuwuh aken wulu, kuku, sak saminipun, inggih punika apngaling dat angagem ing sak ulah kita, saestu boten paeing nalika amra-tandhani apngal salebeting ngalam, lajeng saged amolahaken surya, wulan, angin ing sak panunggilanipun sak isen-isening alam sadaya, sami dumunung wonten ing purba wisesaning dat kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1). Dat amurba khayu, tegesipun dat punika witing gesang, ambabar waskitha, kasebut nama Maha Suci.

2). Khayu amisesa nur, tegesipun gesang punika mengku wahyaning cahya, ambabar wisesa, kasebut nama Maha Mulya.

3). Nur amisesa sir, tegesipun rahsa punika amengku gesang ing rahsa, ambabar kawasa, kasebut nama Maha Misesa.

4). Sir amisesa roh, tegesipun rahsa punika amengku gesang ing sukma, ambakar cipta, kasebut nama Maha Kuwasa.

5). Roh amisesa napsu, tegesipun sukma punika amengku gesanging napsu, ambabar esthi, kasebut nama Maha Luhur.

6). Napsu amisesa akal, tegesipun napsu punika amengku gesanging budi, ambabar karsa, kasebut nama Maha Agung.

7). Akal amisesa jasad, tegesipun budi punika amengku gesanging badan, ambabar bawa, kasebut nama Maha Yekti.

- 8). Jasad angleksanani poncadriya, tegesipun badan punika muhung nglampahi gesanging poncadriya, ambabar ulahing sarira sadaya, kasebut nama Allohu tangala.

### **Menggah wangsulipun makaten:**

1. Jasad kawisesa dening akal, tegesipun obahing badan punika kaprabawa osiking budi. Mila dipun basakaken Alla hutangala dados tandhaning hyang Maha Yekti, awit dening badan punika pratandhaning apngaling budi.
2. Budi kawasesa dening napsu, tegesipun osikaing budi punika kaprabawa saking napsu, mila dipun basakaken hyang Maha Yekti dados kanyatakaning hyang Maha Agung, awit budi punika anartani apngaling napsu.
3. Napsu kawisesa dening sukma, tegesipun hawaning napsu punika kaprabawa saking wahananing nyawa. Mila dipun basakaken hyang Maha Agung dados embaning hyang Maha-Luhur, awit dening napsu punika anerusi apngaling sukma.
4. Sukma kawisesa dening rahsa, tegesipun wahananing nyawa punika kaprabawa saking pramananing rahsa. Mila dipun basakaken hyang Maha Luhur dados sandhaning Hyang Maha Kawasa, awit dening sukma punika amimbuhi apngaling rahsa.
5. Rahsa kawisesa dening cahya, tegesipun pramananing rahsa punika kaprabawa saking pramananing cahya. Mila dipun basakaken hyang Maha Kawasa dados sengkeraning hyang Maha Wisesa, awit dening rahsa punika amengkoni apngaling cahya.
6. Cahya kawisesa dening khayu, tegesipun pramananing cahya punika kaprabawa saking kuwasaning gesang. Mila dipun basakaken hyang Maha Wisesa dados warananing hyang Maha Mulya, awit dening cahya punika anglimputi apngaling atma.
7. Khayu kapurba dening Dat, tegesipun kawasaning gesang punika kaprabawa saking purba wisesananing Dat. Mila dipun basakaken hyang Maha Mulya dados sesulihing hyang Maha Suci, awit dening atma punika mumpuni apngaling Dat sadaya.

8. Dat punika tanpa dumunung, amung anjegereng jumeneng akhadiyat, tegesipun anunggil ananing gusti kang asipat Esa, inggih punika purba wisenanipun sampun wonten kata haning gesang kita pribadi. Milanipun wahananing gesang punika tanpa wangenan kaliyan ananing Dat. Inggih gesang punika dating gusti kang Maha Suci sejati, tandhanipun wonten bebasan tigang pangkat kados ing ngandhap punika:

Ingangrumiyin sipating ngagesang punika tansah kanggenan kawan apngal, inggih punika:

1. 1. Sereng      timbanganipun    sareh.      )
2. Supe        timbanganipun    emut.      )
3. Bingung    timbanganipun    lana.      ) Punika apngaling
4. Pangling   timbanganipun    waspada. ) sukma sedaya.
2. 1. Arip        timbanganipun    elek.      ) Punika apngaling
2. Luwe        timbanganipun    tuwuk.    ) napsu sedaya.
3. Ngelak     timbanganipun    ayem.     )
4. Sahwat     timbanganipun    rerem.     )
3. 1. Uwas        timbanganipun    santosa.  ) Punika apngaling
2. Susah       timbanganipun    bingah.  ) rahsa sedaya.
3. Sakit       timbanganipun    saras.     )
4. Bilahi      timbanganipun    raharja.  )

Menggah liring bebasan tigang pangkat ingkang sampun kasebut ing nginggil punika saestunipun inggih saking kodrat iradating dat kita sadaya, sampun uwas sumelang ing galih. bokmanawi kenging pambangusing ambarang barongan.

Dene babaring gesang kita ingkang mawi pepangkatan dumunung ing dalem pitung kahanan wau, manawi kagreba papangkat anipun punika amung dumunung ing dalem tigang kahanan, inggih minangka warananing dat, dados wahananing sipat asma apngal kita sedaya. Kapratelakaken ing ngandhap punika urutipun satunggal-satunggal.

1. Roh, dipun wastani atma, dados wahananing gesang, anglimputi ing dalem sarira kita, amengku jamaning akirat.
2. Malaekat, dipun wastani pramana, dados wahananing gesang,

angreksa indhak lumungsuripun ing dalem sarira kita, amengku ing jamaning alam sumpena.

3. Setan, (ananging dede eblis laknat), inggih punika napsu, dipun wastani hawa, dados kahananing gesang, anyolahakening karkatipun ing dalem sarira kita, amengku jamaning alam donya.

Menggah santosaning pangesthi kayektosaken ingkang dados tandhanipun punika manawi pinusus sak lebeting galih sarwi manekung anungku semedi, pineleng enggenipun aneges karsaning tokidipun muhung amesu cipta lajeng amarsudi karsa.

Adat ingkang sampun kalampahan wonten mangunah dhateng kabekta ing utusan medal saking sarira kita kang amaha mulya amawa tandha katingal saking pramananing netra, karaos ing dalem rahsa. Nalika ing riku manawi katarima ingkang cinipta dados, ingkang sinedya wonten, ingkang kinarsan dhateng saking marmaning kang Kawasa.

Dene pratikelipun manawi badhe manekung saking wasiyat dalem kangjeng Panembahan Senapati ingalaga kados ing ngandhap punika nglatihipun.

Wiwit ngengirangi dhahar sare, anyegah sahwat ambirat napsu hawa ing dalem sawatwis dinten, lajeng siyam anglowong sarta ambisu ing dalem tigang dinten tigangdalu, mboten kening angemu sak serik duka cipta. Manawi siyamipun kantun sedinten sadalu sampun ngantos sare, sareng ing wanci tengah dalu siram lajeng ngagem busana ingkang sarwi suci, sarta kekonyoh gonda wida jebat wangi, adedupa majeng ngetan utawi mangilen angajengaken keblatipun piyambak, inggih punika ing jaja. Dumunginipun ing bangun enjing wiwit tafakur pejah raga, anutupi babahan hawa sanga, wonten kadulu sampun dipun tingali, wonten kapiyarsa sampun kamirengaken, wonten gonda sampun kaambet, wonten wiraos sampun kasauran, wonten karaos punapa-punapa sampun dipun raosaken, lajeng amepeta turas sarta ngampeta sarit kaliyan sesuker. Dene patrapipun lenggah pitekur, jempol suku kapanggihaken kaliyan sami jempol suku den rapet. Polok kapanggihaken sami polok den gathuk, jengku kapanggihaken sami jengku den rapet. Pajaleran palandungan sinipat kaliyan jempol suku

den leres sampun ngantos katindhihan. Nunten asta kalih angrangkul jengku atrap sidhakep suku tunggal, darijining asta sami antuk ing selaning driji kados angapurancang, jempol asta jinejer lajeng winawas kaliyan pucuking grana, nunten lidhah katekuk manginggil, lathi kaingkemaken, sarta lajeng anata panjang-wedaling napas tanapas anpas nupus, sampun ngantos tumpang suh kumpulipun dados satunggal. Ingriku tinarik saking kiwa demugi ing puser kendel sak watawis dangunipun, lajeng katurunaken nengen medal ing lenging grana tengen demugi ing puser kendel sawatawis dangunipun, lajeng katurunaken mangiwa medal ing lenging grana kiwa ingkang alon sampun ngantos kasesa, ambal kaping tiga makaten panariking napas. Ing wekasanipun manawi sampun sareh anarika napas malih saking kiwa mubeng manengen, saking tengen mubeng mangiwa, kakumpulaken dados satunggal ing puser, lajeng katarik manginggil malih ingkang alon-alon kendel tinata ing jaja, lajeng katarik manginggil malih ingkang leres ingkang sareh, kendel tinata ing sirah. Ingriku angeningaken cipta sarwi osik amatrapaken panjenenganing Dat kita.kados makaten:

”Ingsun tajalining Dat kang amaha Suci, kang amurba amisesa, kang angandika kun fayakun, dadi sak ciptaningsun, teka saka karsaningsun, aku metu saka ing kodratingsun.”

Manawi sampun makaten, nunten epek-epektipun asta kiwaka-kempit ing cangklakan tengen, epek-epeking asta tengen kakempit ing cangklakan kiwa, lajeng angeningaken cipta, adat sami sak nalika kemawon kayektosan ingkangdados tandhanipun, katingal saking pramananing netra, karaos ing dalem rahsa. Nunten panariking napas katurunaken medal lenging grana kalih pisan ingkang alon sampun ngantos kasesa, ing wekasan pasrah analongsa dhateng Dat kita pribadi.

Dene sarananipun manawi memule kados ingkang kaparate-lakaken ing ngandhap punika.

1. Kangjeng Nabi Muhammad rasulolah memulenipun sekul wuduk ulam lembaran ayam pethak sarem tamper lombok ijo, terong dhahar woh-wohan mawi sekar konyoh.



2. Kangjeng Susuhunan ing Ngampeldenta memulenipun sekul abrit, panggang wader, sareng tamper.
3. Kangjeng Susuhunan Benang memulenipun sekul liwet, jangan munggul, wur-wur bekatul.  
(munggul = manggul).
4. Kangjeng Susuhunan Kalijaga, memulenipun, sekul jangan godong kangkung, godhong sentul, godhong senting, godhong ranti, godhong woh kudhu, samebel pecel lele, bakaran dhendheng gepuk, (sekul punar loncom sambel kedhele tanpa trasi), bakaran gereh, bakaran balur.
5. Kangjeng Sultan Demak ingkang pungkasan, memulenipun sekul punar loncom, sambel kedhele tanpa trasi.
6. Kangjeng Sultan Hadiwijaya ing Pajang, memulenipun sekul wuduk, dhaharan arang-arang kambing.
7. Kangjeng Panembahan Senapati ingalaga Mentawis, memulenipun sekul pera garengan ulam tombra, sekul golong, pecel ayam jangan menir.
8. Ingkang Sinuwun kangjeng Sultan Agung anyakrakesuma ing Mantawis, memulenipun dhaharan ketan salak, ulam pindhang maesa utawi ayam, sekul golong, pecel ayam jangan menir.

Sadaya punika pangepangipun manawi sampun luwar saking panekungan ing wanci subuh, bibaring kendhuren lajeng tindak mubeng-mubeng sak sajiwining pakarangan, angupadosi cipta sasmitaning Pangeran kang Maha Suci ingkang kenging karaosaken.

Menggah patrapingpanekungan punika manawi sampun lenyeh (lanyah), kenging kacancudaken mboten mawi angengirangi dhahar sare sak panunggalanipun, awit tafakur pejah raga anutupi babahan hawa sanga kemawon, ing salajengipun tanpa milih papan kaliyan wancining panekungan, sarta mboten ngangge sarana punapa-punapa, angger karaos sumenteg ing dalem cipta sarta kenceng pamelenging pangesthi, inggih punika anandhakaken badhe katarimah.

Dene prayoginipun anglantihaken panekungan punika, sageda kalampahan ing dalem sak wulan sepisan, mbotenipun amung

sabening dinten ijabah kemawon sampun ngantos katowongan, kados ingkang kapratelakaken ngandhap punika:

1. Wulan Muharam ijabahipun tanggal : 9 lan 10
2. Wulan Mulud ijabahipun tanggal : 12
3. Wulan Rejeb ijabahipun tanggal : 27
4. Wulan Ruwah ijabahipun tanggal : 14
5. Wulan Pasa  
(Siyam) ijabahipun tanggal : 21, 23, 25, 29
6. Wulan Besar ijabahipun tanggal : 8, lan 9.

Sanesipun sepen sami tanpa dinten ijabah. Kajawi ijabah ngidene, tegesipun ari raya Ramelan utawi Dulkijah, wonten malih ijabah wektu. Wancinipun ing dalem sedalu kaping sekawan.

1. Ing wanci serap surya.
2. Ing wanci bangun enjing.
3. Ing wanci dalu.
4. Ing wanci tengange leres.

Punika waktunipun panggenan anenuwun ing Pangeran kita.

## **Bab: 11. Urut-urutan naminipun wahananing Dat**

Ing mangke amratelakaken urut-urutan naminipun wahanaing Dat ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau kados ing ngandhap punika.

1. Ingkang rumiyin *Khayu*, tegesipun *gesang*.

Dipun wastani khayun, tegesipun panggesangan, dipun wastani khayat, tegesipun anggesangi, dipun wastani malih khayu daim, tegesipun gesang kang tetep, nanging sajatosipun namung satunggal inggih *Khayu* punika.

Kados makaten ugi sasaminipun ingkang anama *Daim*,

1. jaman daim, 2. sipat daim, 3. iman daim, 4. salat daim, punika sami dumunung ing dalem khayu daim sedaya, tegesipun tetep wonten kahananing gesang kita pribadi.
2. Ingkang kaping kalih *Nur*, tegesipun *cahya*. Punika sajatosipun inggih namung satunggal, ananging dipun namani dadosgangsal pasebutan.
  - 1). Nuriyat, tegesipun cahya samar, warninipun cemeng.

- 2). Nurani, tegesipun cahya kekalih, inggih punika cahya ping kalih, warnipun abrit.
- 3). Nur mahdi, tegesipun cahya sumirat, warnipun jenar.
- 4). Nur buwat, tegesipun cahya kang santosa warni ijo.
- 5). Nur muhamad, tegesipun cahya kang pinuji warnipun pethak.  
Menggah grebanipun sadaya punika kasebut nama nurolah.  
Tegesipun cahyaning Allah.

3. Inggang kaping tiga *Sir, tegesipun rahsa*. Punika sajatosipun inggih namung satunggal, ananging dipun namani dados nem pasebutan.

- 1). Sir ibdadi, tegesipun rahsa purba, inggih punika dados wahyaning asmara nala.
- 2). Sir kahari, tegesipun rahsa wisesa, inggih punika dados wahyaning asmara tura.
- 3). Sir kamali, tegesipun rahsa sampurna, inggih punika dados wahyaning asmara turida.
- 4). Sir ngaji, tegesipun rahsa sejati, inggih punika dados wahyaning asmara dana.
- 5). Sir khakiki, tegesipun rahsa gaib, inggih punika dados wahyaning asmara tontra.
- 6). Sir wahdi, tegesipun rahsa satunggal, dipun namani sirghaibi, tegesipun rahsa gaib, inggih punika dados wahyaning asmara gama.

Menggah grebanipun sadaya wau, punika kasebut nama sirolah, tegesipun rahsaning Alloh.

4. Inggang kaping sekawan *Roh, tegesipun nyawa*, tuwin sukma. Punika sajatosipun inggih namung satunggal, nanging dipun namani dados pitung pasebutan.

- 1). Roh jasmani, tegesipun nyawaning jasad, inggih punika wayanganing nyawa, ingkang anggesangaken anggotaning nadan, dipun ngibaratakan roh hewani tegesipun kau-pamekaken nyawa ingkang anggesangi sato kewan.

- 2). Roh nabati, tegesipun nyawaning tetuwuh, inggih punika wewayangan nyawa ingkang anuwuhaken wulu, kuku sak panunggilanipun, tumanem dados gesanging budi.
- 3). Roh napsani, tegesipun nyawaning napsu, inggih punika wewayanganing nyawa ingkang anggesangaken hawaning napsu.
- 4). Roh rohani, tegesipun nyawanipun sukma, dipun wastani roh kafi, tegesipun nyawa kang sinukma, inggih punika wawayanganipun nyawa ingkang anggesangaken warananing sukma.
- 5). Roh rahmani, tegesipun nyawa ingkang sipat murah, dipun wastani roh rabani, tegesipun nyawaning Pangeran, inggih punika wewayanganing nyawa ingkang anggesangaken kahananing rahsa.
- 6). Roh nurani, tegesipun nyawaning cahya, inggih punika wawayanganing nyawa ingkang anggesangaken wahananing cahya.
- 7). Roh hilafi, tegesipun sasandhaning nyawa kang wening, dipun wastani roh kudus, tegesipun nyawa kang asuci, inggih punika wewayanganing nyawa ingkang anggesangaken kahananing atma.

Menggah grebanipun sadaya punika kasebut nama Rohullah, nyawaning Allah.

Dene terangipun wewijanganing roh punika mawi karujukaken kaliyan wasiyatipun ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan Agung kala musyawaratan ngelmi, kadhawahaken dhateng kyai pangulu Ahmad Kategan makaten pangandika dalem.

”Sejatine roh iku sawiji minongka kahananing rahsa, binasakake nyawa, utawa jiwa, kasebut aran sukma, bedane amawa tondha sowang-sowang.

1. Tandhaning roh iku anganakake getih.
2. Tandhaning nyawa anganakake keketek.
3. Tandhaning jiwa anganakake napas.
4. Tandhaning sukma anganakake rasaning jasad.

Ananging sukma iku ana pepangkatane dadi pitung warna, iki sawiji-wijine.

1. Patemone jasad lan napas iku den arani sukma wahya, tegese sukma lahir.
2. Patemone napas lan budi iku den arani sukma dyatmika, tegese sukma batin.
3. Patemone budi napsu iku den arani.sukma lana, tegesipun sukma tetep.
4. Patemone napsu lan nyawa iku den arani sukma mulya, tegese sukma mulus.
5. Patemone nyawa lan rahsa iku den arani sukma jati, tegese sukma nyata, den arani sukma rasa, tegese sukmaning rahsa.
6. Patemone rahsalan cahya iku den arani sukma wisesa, tegese sukma wenang.
7. Patemone cahya lan urip iku den arani sukma kawekas.

Dene patemone sukma kabeh mau dadi sukma adiluwih, tegese utama, binasakake retina embanan salaka, yen kumpul dadi retina inten jumerut, binasakake *retna embanan kencana* iku *martabat wakhidiyat*, sampurna *dadi sastra ludira*. Binasakake *retna embanane sesotya*, iku ngibarating *martabat akhidiyat*, waluya dadi *manikmaya windradi*. Binasakake *retna embanan cahya gumilang tanpa wewayangan*, tegese *bali dadi dating nukat gaib mulih maring ajali abadi*.”

Telas pangandika dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan Agung, kyai pangulu Ahmad Kategan nambah matur:

”Sampun kasinggihan dhawuh dalem punika mila makaten, wonten bebasanipun manawi teranging ngelmi kasampurnan punika gumantung ing dalem kawicaksanan.”

Dhawuh wangsulanipun ingkang Sinuwun Kangjeng Sultan Agung: ”Hiya samono iku manawa pinaringan ilham dening Pangeran kang Maha Suci, sayekti bisa kabuka saka ing kawicaksanan, mulane wewiridan iku luwih prayoga nganggo bebuka kaya wasiyatingsun, supaya murid iku gelisa anampani surasaning ngelmu kang winejangake. Mangkene bebukaning wasi yatingsun:

Sajatine ora ana apa-apa, mungguhing tekad manawa katokidake, sayekti ora ana lara ora ana pati. Hiya iku amung waluya urip sak lawase ana ing kene kana, tegese ana ing alam donya urip ana ing akirat hiya urip. Uripe iku sayekti kasamadan dening dating Gusti kang asipat Esa, tegese tansah anunggal lawan sajatining Pangeran kang Maha Suci, panunggaling kahanan mangkene isbate; manawa ana ing alam donya iku sayektine minongka sipating Allah sejati, mbesuk ana ing akirat sayekti dadi dating Pangeran kang Maha Suci sejati. Mula binasakake urip ora kena ing pati. Samono iku manawa ana ing alam donya bisa anglakoni mati sajroning uripe, sayekti bisa urip ana ing akirat, malah manawa kabeneran bisa manjing swarga kang sampurna maha mulya.

Dane swarga naraka iku ing sak panunggalane amung kalebu dadi ucap-ucapan bae, khukume padha nabi kabeh, tegese ora ana pisan-pisan. Basa jatine kang aran naraka iku ing alam donya, kang aran swarga iku ing alam akhirat.

Mungguh kahananing alam donya lawan alam akhirat iku tanpa wewangunan, tegese hiya kahananing alam donya hiya kahananing alam akhirat upama wengi lawan rahina, iku amung antara peteng tekaning padhang wae. Manawa wus sirna peteng ing wengi nuli salin padhang rahina kang ana, mangkono uga kahananing alam donya lan alam akhirat kang dadi antarane iku amung kalimputan dening sipate bae.

Kang aran sipat iku gumelaring alam donya iki kabeh, manawa wus mangsane sirna sipating alam donya, nuli salin dating alam akhirat kang ana gumelar dadi jagad walikan. Khakekate ing kono iku tanpa kontha, rupa warna. Sepi saka ing rasa, gonda, rasa, swara. Tegese ora ana gatraneng barang kawujudan, kayata; segara, gunung, omah, pekarangan ing sak pepadhane.

Ora nganggo rupa ala becik, ora katon warna ireng abang kuning putih ijo sak panunggalane, ora mambu gandaning apa-apa, ora anandhang sak liring rasa kang karasa. Sepi saka sabawaning swara kang karungu kabeh. Anane mangkono iku mung saka kodrat iradating kita pribadi, tegese metu saka kuwasaning karsanira dhewe, karana ing kono iku wus wahya maha mulya ana sajronira dhewe, ngalam uluhiyah tegese ngalaming Pangeran, hiya iku

kahananing Pangeran kang Maha Suci, ora nganggo wayah rahina wengi, tanpa antara dina sasi tahun, ora dumunung ing lor kidul etan, utawa ing ngisor ing dhuwur sarta tengah, ora mesthi arahing panggo nan kang kapernah ing ngarep, ing mburi, ing ngiringan. Ananging isbate mangkono iku hiya muhung saka ing kodrat-iradating kita pribadi, tegese metu saka kuwasanira dhewe. Karana ing kono kita wus asarupa kanyataning Pangeran kang amaha suci sejati, kang agung date, kang elok sipate, kang wisesa asmane, kang sampurna apngale, tegese wibawaning kagungan tanpa wewangenan. Kaelokaning sipat dudu wadon utawa dudu lanang dudu wadu. Asamane kasebut nama kang amurba wisesa, pakartine sampurna, dadi pada sak nalika tanpa kuciwa, mulane binasakake sejati-ning Pangeran kang Maha Suci iku mung dumunung ing nukat gaib.

Dene manawa kapatitake, mungguh dumunging Pangeran kang Maha Suci iku jumeneng pribadi ana ing dalem nukat gaib, kang binasakake *manik maya windradi* tegese musthikane gaib, ngibarate iku *retna embanan cahya* gumilang tanpa wewayangan, prabane iku anglimputi sak lir tingal kita kabeh, ing kono sarwa waskitha ara kasamaran marang sawiji-wiji. Amengku purba wasesa sarta kawasa anganakake sarupaning dumadi, angukut gumelaring alam kabeh.

Wiyose mangkono mau kaya kang wus kasebut sajroning dalil ing nalika wong Yahudi matur marang kangjeng Nabi Muhammad; Menggah ingkang dipun wastani dhusun akhirat punika pernah ipun pundi? Winagsulan sumendhe ing dalil pangandikaning Allah mangkene murade: "Manawa ana wong takon bab pernah ing Akhirat sira wangsulana; mungguh desa Akhirat iku kahananing Pangeran kang Maha Suci, dudu kahananing manungsa. Manawa bisa tumeka ing kono yekti sampurna maha mulya sajroning pati. Samono mau manawa kabeneran saka eklasing ati, lestari dumunung ana Darusalam, tegese desa Slamet, hiya iku ngalam akirat, gumelar saka ing karsanira pribadi, karana ing wiwitan kongsi tutug ing pungkasan kita iki tan sah anunggal lawan wahananing dat kang maha suci sejati, sumarambah marang kahananing atma kita kang anguripi, awar na ing dalem wahyaning cahya kita kang

nglimputi ing kono, amawa warana ana sak jabaning cahya, hiya iku rahsa kita kang anartani, warana kang ana sak jabaning rasa, hiya iku nyawa kita kang amratandhani, warana kang ana sak jabaning nyawa, hiya iku napsu kita kang mrabawani, warana kang ana sak jabaning napsu, hiya iku budi kita kang ambawani, hiya iku badan kita pribadi kang sumondha ing alam donya sak mengko iki.

Dene mungguh kayektene iku ana ing babaran mangkene urute:

1. Badan iku babare dadi obahing solah-bawa.
2. Budi iku babare dadi osiking angen-angen.
3. Napsu iku babare dadi wahananing karsa.
4. Nyawa iku babare dadi wahyaning rasa pangrasa.
5. Rahsa iku babare dadi pramananing cipta.
6. Cahya iku babare dadi pramananing iman.
7. Atma iku babare dadi kahananing kawasa.
8. Dat iku babare dadi wahananing purba wasesa.
9. Nukat gaib kang aprabawa cahya gumilang tanpa wayangan iku babare dadi sampurnaning waskitha.
10. Sajatining Pangeran kang amaha suci iku babare dadi kanyatakaning wujud kita pribadi, hiya wujud kita hiya wujuding Pangeran kang amaha suci sajati, upama satu mungguh ing rimbagan, tegese lantakan kencana tunggal lawan rimbagan tembaga dari aran suwasa, dadi sawiji, ora pisah ing salawase, samono iku den awas, aja kongsi uwas, den eling aja kongsi sumelang, karana wus kasebut ing dalem daliling ngelmu, nukilan saka rahing kitab hidayatulkhakakik, amratelakake wangsiting Pangeran kang Maha Suci marang kangjeng Nabi Muhamad Rasulolah karasa ing dalem rahsa, den arani wisikan ananing Dat mangkene jarwane.

”Sajatine ora ana apa-apa, awit duk maksih awang-uwung durung ana sawiji-wiji, kang adhingin iku ingsun. Ora ana Pangeran nanging ingsun sajatining dat kang Maha Suci anglim puti ing



sipatingsun, anartani ing asmaningsun, amratandhani ing apngaling-sun.”

Mungguh dununge kang binasakake angandika *ora ana Pangeran* nanging ingsun iku *hiya urip kita pribadi*, sayekti katitipan rahsaning dat kang agung.

Anglimputi ing sipat iku, *hiya rupa kita pribadi*, sayekti kawimbuhan warnaning dat kang elok.

*Anartani ing asma* iku, *hiya aran kita pribadi*, sayekti kaaken pasebutaning dat kang wisesa.

*Amratandhani ing apngal* iku, *hiya solah bawa kita pribadi*, sayekti anelakake pakartining dat kang sampurna.

### **Mungguh kayektene mangkene:**

Dating pangeran kang Maha Suci iku enggone aningali tanpa netra, nanging mokal manawi wuta, *hiya iku muhung saka angagem ing mripat kita*.

Enggone amiyarsa tanpa karna, ananging mokal manawa tuli, *hiya iku muhung saka angagem ing talingan kita*.

Enggone ngandika tanpa lesan, ananging mokal manawa bisu, *hiya iku muhung saka angagem ing tutuk kita*.

Enggone ngraosake saliring rasa tanpa dunungan, ananging mokal manawa sirna, *hiya iku muhung dumunung ana pangrasa kita*.

Aja nganggo uwas sumelang maneh, sabab lahir batine Allah wus dumunung ana urip kita pribadi.

Semono bae wus cukup bebukaning wejangan, ing sak banjure tekaning wewejangan wolung pangkat pisan manawi ngangge bebuka kaya wasiyatingsun iki sayekti wuwuh prayoga.

Telas pangandika dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan Agung. Kyai Pangulu Ahmad Kategan atur sembah jumurung ing karsa dalem.

Ing mangke wangsul amratelakaken urutan naminipun wahananing dat kados ing ngandhap punika:

Inggang kaping gangsal *Napsu*, *tegesipun angkara*. Punika sajatosipun inggih namung satunggal, ananging dipun namani dados kawan pasebutan.

1. Napsu luamah, tegesipun ngongsa, darbe hawa amurugaken dhahga, arip, luwe sapanunggilanipun. Wahananipun ing wadhuk, wahyanipun saking lesan, kasebut dados ngibarat kahananing manah ingkang asorot cemeng. Sampurnanipun anarik leburing wulu kuku.
2. Napsu amarah, tegesipun sereng, darbe hawa amurugaken angkara, panasten, deduka sak panunggilanipun. Wahananipun ing amperu, wahyanipun saking karna, kasebut dados ngibarat kahananing manah ingkang asorot abrit, sampurnanipun anarik kulit erah.
3. Napsu supiyah, tegesipun meles, dipun namani napsu siyah, tegesipun adreng. Darbe hawa amurugaken murka, penganan, pakareman, kabingahan sak panunggilanipun. Wahananipun saking netra. Kasebut dados ngibarat kahananing manah ingkang asorot jene, sampurnanipun anarik daging otot.
4. Napsu mutmainah, tegesipun jinem. Darbe hawa amurugaken loba, inggih punika loba dhateng kautaman, kadosta, anglampahi puja tapa brata ingkang kelantur mboten mawi watawis. Wahananipun ing balung, wahyanipun saking grana. Kasebut dados ngibarat kahananing manah ingkang asorot pethak. Sampurnanipun anarik balung sungsum.

Dene manawi kapatitisaken witing napsu punika saking utek, patrapipun anyindikaken eninging panca maya, angawas aken eninging ponca driya, tegesipun angendelaken ing sanis kara rahsaning gesang kita sedaya. Inggih punika angening aken angen-angen, lajeng ngengkoki dados tajalining Gusti kang Maha Suci sajati, kang amurba misesa kang kawasa andadosaken sawarnining asya sadaya.

Manawi sampun saged makaten, inggih punika salat da'im, ingkang dipun wastani sajatining salat, tanpa antawising wektu, mboten angetang rakangat, amung emut panunggiling kawula gusti.

Mila kasebut ing bebasan, salat ngiras nyambut damel, anglampahi padamelan kasambi salat, lenggah sarwi lumampah, lumampah kaliyan andheprok, lumajeng.salebeting kendel, ambisu kaliyan cariyos, kesah sarwi tilem, tilem kaliyan melek, kados makaten

punika ngibaratipun.

Sabab kakekatipun salat da'im punika tanpa rukuk sujud, inggih punika namung dumunung wonten ing rahsa saklebeting gesang kita. Ingkang anandhakaken adegipun inggih gesang kita pribadi punika, rukukipun inggih paningal kita, iktikatipun inggih pamiyarsa kita, sujudipun inggih panggoda kita, wawaosaning ayatipun ing pamiraos kita, lenggahipun inggih teteping iman kita, tahyatipun inggih manteping tokid kita, salamipun inggih makripat islam kita, pepujianipun inggih panjang wijiling napas kita, dhikiripun inggih ih awas emut kita, keblatipun inggih madhep dhateng eneng ening kita. Sampun uwas sumelang malih, mila makaten jumenenging Dat, Sipat, Asma, Apngal kita punika sampun dados kur'an sejati, amratandhani sajati ning salat sadaya dipun wastani salat da'im. Manawi iptitahipun salat da'im punika makaten:

"Niyatingsun salat da'im, kanggo ing selawase uripingsun, adege iku hiya uripingsun, rukuke hiya paningal ingsun, iktidale hiya pamiyarsaningsun, sujude hiya pangambuningsun, wawacaning ayat hiya pangucapingsun, lungguhe hiya tetepe imaningsun, tahyate hiya manteping tokhidingsun, salame hiya makripating-sun, pepujine hiya panjang wetune napasingsun, dhikire hiya awas-elingingsun, keblate hiya mandhep marang eneng-eningingsun. Perlu nglakoni wajib saka ing kodrat-iradatingsun dhewe."

Ingriku lajeng pasrah analongsa dhateng dating gesang kita pribadi, sampun mawi was sumelang malih.

Dene salat da'im punika kasimaka kaliyan kakekatipun rukuning Islam, utawi manawi katimbang kaliyan kakekatipun pikekahing iman siraosipun inggih anunggil misah kemawon. Liripun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Menggah pirukuning Islam kawijang dados gangsal warni:

1. Sahadat. Punika kakekatipun wonten ing lampah temen, dumunung ing pamiraos, angger anuhoni wicantenipun inggih punika netepi sahabat.
2. Siyam. Punika kakekatipun wonten ing lampah trima, dumunung ing panggoda. Angger maremkatandukaken ambet ingkang amenginaken inggih punika angantepi siyam.

3. Jakat. Punika kakekatipun wonten ing lampah rila, dumunung ing paningal. Angger saget amutakaken netra inggih punika anartibi jakat.
4. Salat. Punika kakekatipun wonten ing lampah utami, tegesipun sabar, dumunung ing pamiyarsa. Angger saged anulekaken talingan inggih punika anglenggahi salat.
5. Khaji. Punika kakekatipun wonten ing lampah panalongsu, utawi anetepi janji, dumunung ing pangraos dene rumaos sampun tega anilar dhateng katresnan kawelasanipun inggih punika anak bojo ingkang sami nantun sadaya.

### **Bab: 12. Basa, saloka, kadadosan**

Ing sak punika namung kendel semanten kemawon urut-urutipun pralambang sak panggilanipun sadaya. Manawi kapratelakaken sak demuginipun sak estu tanpa wekas, tur mboten patos andadosaken perluning suraosipun. Dene manawi wonten perlambang elok ingkang adamel cangkriman, pra dikanipun dipun wawas saking dugi prayogi kados ingkang ngandhap punika.

1. Sak warninipun ingkang binasakaken ageng, wiyar, panjang inggil, langkung ing sak panunggilanipun punika, dados ngibaratiipun ananing Dat.
2. Sak warninipun ingkang binasakaken alit, ciyut, celok, andhap, kirang ing sak panunggilanipun punika dados ngibaratiipun wahananing sipat.

Upami ugel-ugelan; bothok bantheng winungkus ing godhong asem kabitingan alu bengkong. Punika pradikanipun bothok bantheng dados ngibaratiipun ananing Dat, godhong asem dados wahananing sipat, alu bengkong dados wahananing apngal sedaya. Menggah dunungipun makaten:

1. Sinten ingkang tansah jibar-jibur ambaruwah lumuh dhateng kasutapan, saking adat luwangipun demugining dinten wekasan ing tembe jisimipun bosok dados siti. Alusipun anglambrang kados kinjeng tanpa soca. Ewa denten manawi kinan-

then lampah taberi sesuci ing lahir batos inggih terkadhang mboten makaten kadadosanipun ing delahan.

2. Sinten ingkang anggentur siyam tanpa watawis, saking adat luwangipun dumugining dinten wekasan ing tembe jisimipun wetah dados sela, anyangaraken bumi, alusipun dados dhahyang semara bumi. Ewadene manawi kinanthenan lampah trima, tegesipun ingkang dhinahar anarima ing sak won tenipun kemawon, inggih terkadhang mboten makaten kadadosanipun ing delahan.
3. Sinten tiyang ingkang ambanter wungu tanpa watawis, saking adat luwangipun dumugi ing dinten wekasan ing tembe jisimipun wungu kapanjangan brekasakan kang memedeni, alusipun anitis dhateng bangsaning sato kewan. Ewa dene manawi kinanthenan lampah lega lila, tegesipun wungu ingsak pakan-tukipun angiras dana memule ing sak kadaripun, inggih terkadhang mboten makaten kadadosanipun ing delahan.
4. Sinten ingkang anglantur anyegah sahwat tanpa watawwis, saking adat luwangipun demugining dinten wekasan ing tembe jisimipun ical amrayang dados kahananing lelembat, alusipun asring anjalma ngemladheyan. Ewa dene manawi kinanthenan lampah temen tegesipun boten nate anyidra resmi bandrek jina, inggih terkadhang boten makaten kadadosanipun ing delahan.
5. Sinten ingkang sumedya sabar, purun anglampahi pejah sak lebeting gesang, tegesipun angangkah-angkah, budi rapeh, ulat sumeh, wuwus sareh, solah angrepa sarta mawi dugi prayogi boten tilar watawis, saking adat luwangipun dumugining dinten wekasan ing tembe jisimipun sampurna, gesang anunggil alusipun dados maha suci sejati. Sabab saking istingarahipun saget gesang salebeting pejah. Witning manawi kinanthenan lampah utami, kados tansaya lestantun pamoring kawula gusti ing delahan.

Mila pemrangipun kaki guru marhum Sanaragastra<sup>1)</sup> dhateng para anak putunipun makaten:

---

<sup>1)</sup> Asma samaran kaki guru Sanaragastra, kinten kula wetahipun kaki guru Sastranagara. Pen.

Sapa kang tansah kasalimur dening rajah tamah satwa hawa, mesthi tuna pangesthine ing delahan, sabab patang prakara iku binasakake dadi pamurunging laku, lira:

1. Rajah, iku tegese kabungahan, dumunung ana ing sandhang penganggo.
2. Tamah, iku tegese kamukten, dumunung ana ing pangan, turu.
3. Satwa, iku tegese karesmen, dumunung ana ing sesomahan.
4. Hawa, iku tegese kamurkan, dumunung ana ing nafsu.

Dene manawa ora kalimput ing patang prakara mau, pageneya teka kadung ora bisa tutug paraning cipta. Sabab ati suci sarta tobat kang temen-temen iku marga kang bener saka karsaning Pangeran kang amaha suci, maha kawasa, tumeka ing rahayu ing kene kana. Tegese ati suci iku budi rahayu, tobat temen-temen kang eling angen-angene, bisa angunjara hawa nafsu/nafsu hawa.

Menggah erang-erangan makaten punika kula anyumang gakaken ing panimbangipun saking wahyaning mangsa kala, ingkang pantes dhawah sambada akaliyan sambawa, mongsa borong ing pamrayoginipun.

### **Bab: 13. Pralambang**

Ing mangke andumugekaken urutanipun panunggilaning pralambang sadaya. Ananging tegesipun sakathahing para amarsudi ngelmi makripat sami darbe pamanggih piyambak-piyambak, leres lepat kula amborongaken ing panimbangipun, kados pundi ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

1. Gigiring punglu. Tegesipun gigiring mimis. Punika ngibarat kaelokaning Dat, dene bisanakaken mboten arah mboten enggen, ing pundi sak estuning panggenanipun. Sayekti amung dumunung wonten ing dating gesang kita pribadi.
2. Tambining pucang. Punika ngibarat kaelokaning sipatipun Dat, dene binasakaken dede jaler dede estri dede wandu, kados punapa sak estuning sipatipun, sayekti amung dumunung wonten sipating gesang kita.

Wonten ingkang amastani tambining pucang punika lenging-grana kekalih. Saking panginten mbokmanawi kalintu ing seserepan.

3. Wekasaning langit. Tegesipun punika ngibarat wangenanipun soroting cahya sumarambah dumugi ing ananing sipat kita.
4. Wekasaning samodra tanpa tepi. Tegesipun punika ngibarat wangenanipun pangawasaning rahsa, sumarambah dumugi ing wahananing sipat kita.
5. Galihing kangkung. Tegesipun punika ngibarat wahanan ing suksma, sumarambah dumugi ing kahananing sipat kita.
6. Latu sakonang angساتaken samodra. Tegesipun punika ngibarat hawaning napsu, wimbuh sak lebet ing ponca driya kita.
7. Peksi miber ngungkuli langit. Tegesipun punika rosaning budi, wimbuh sak lebet ing apngal kita.
8. Baita amot samodra. Tegesipun baita punika ngibaratipun jasat, samodra punika ngibarat ing manah sak panunggilanipun.
9. Angin katarik ing baita. Tegesipun punika ngibarat lampahing napas medal saking jasat.
10. Susuhing angin. Tegesipun punika ngibarat pakendelaning napas, dumunung ing jantung.  
Wonten ingkang mastani susuhing angin punika rema, saking watawisipun bokmanawi kapendhet saking pramayogi kemawon.
11. Bumi kapetak sak lebet ing siti. Punika ngibaratting wujud kita asal saking siti, ing tembe kapendhem ing siti. Inggih punika wahananipun dados daging.
12. Mendhet latu adedamar, sami kaliyan latu wonten sak lebet ing latu, utawi latu binasmi latu. Punika ngibaratting wujud kita asal saking latu tansah andadosaken latu, inggih punika wahananipun dados napsu.
13. Barat katiyub ing angin, sami kaliyan angin-angine prahara. Punika ngibaratting wujud kita asal saking angin, anggung

angisep angin amedalaken angin, inggih punika wahananing dados napas.

14. Angangsu rembatan toya, sami kaliyan toya wonten salebeting toya. Tegesipun punika ngibarating wujud kita asal saking toya tansah kailenan toya, inggih punika wahananipun dados erah.
15. Srengenge pine, Suraosipun sami kalyan kaca angemu srengenge. Tegesipun punika ngibarat cahya kasorotan ing surya, utawi surya wonten salebeting cahya. Inggih punika wahananipun dados pramananing netra.
16. Wiji wonten salebeting uwit, uwit wonten salebeting wiji. Punika ngibarating kawula dumunung wonten ing gusti, gusti dumunung wonten ing kawula, dipun basakaken pangleburan papan tulis.
17. Kakanganing pembayun, adhining wuragil. Tegesipun punika ngibarating martabat insalkamil ing nalika tajul dhawah wonten wekasan piyambak. Sareng tarkinipun ing tembe dados wiwitan. Menggah insankamil punika inggih wahananing gesang kita pribadi.
18. Busana kencana retina mboten amboseni, sak irib sami kaliyan busana wastra tanpa seret. Punika ngibarating jasad. Busana kencana retina, wahananipun dados jasad ing nglebet, busana wastra wahananipun dados kulit.
19. Tugu manik ing samodra. Tegesipun punika ngibarat panthening cipta anrus dhateng pelenging paningal. Wonten ingkang amastani tugu manik punika pajaleran, mbokmanawi saking panginten kemawon.
20. Sawanganing samodra retina. Dados ngibarating babul arab, tegesipun korining Pangeran, inggih punika kakekatipun palawanganing Dat, dumunung wonten ing babahan hawa sangasak lebeting jasad.

Menggah ing kabudanipun sawanganing samodra retina punika winastan kori sela matangkep, dados ngibarat mingkusing maras, utawi menga mingkeming lathi.



21. Samodra winotan kilat. Dados ngibarating wot sirotal mustakim, tegesipun margi kang leres. Inggih punika kakekatipun pesating atma demugi khalarating Dat.  
Wonten ingkang amastani wot sirotalmustakim punika kakekatipun wedaling pamiraos, inggih sami pikantukipun.
22. Bale tawang gantungan. Dados ngibarating aras kursi, tegesing aras: padhaupan, inggih punika kakekating pasewakanipun Dat, dumunung wonten ing sirah utawi jaja. Tegesipun kursi: palenggahan, inggih punika kakekatipun palenggahaning Dat dumunung wonten ing utek utawi jantung.
23. Wiji tuwuh ing sela. Punika ngibarating lohkalām, tegesipun loh: papan, kasebut lohkilmaful tegesipun papan kang rineksa. Inggih punika kakektipun sipating dat, dumunung wonten ing jasad, rineksa ing malaekat Kiraman, wahanaipun wonten ing cipta, amedharaken birahi. Tegesing kalām: panyeratan, kasebut kalām mubarak tegesipun kalām ambarkati. Inggih punika kakekatipun wawayanganing dat, dumunung wonten ing. budi tumuwuhing angen-angen rineksa ing malekat Katibin. Kahananipun wonten ing rahsa angge laraken asmara.
24. Tengahaning arah-arahan. Dados ngibarating mijan, taraju, inggih punika kakekatipun panimbanging Dat, dumunung wonten ing paningal, pamiyarsa, panggonda, pangaraos, pamiraos.
25. Katingal pisah. Tegesipun punika ngibarat wahananing dat kaliyan kahananing sipat sak engga kados wijang piyambak-piyambak. Ananging sajatosipun Dat punika mboten mawi pepisahan kaliyan sipatipun. Sabab awis wonten wiji tuwuh kang tanpa cangkok, cangkok tansaya mboten tuwuh yen tanpa wiji.
26. Katingal mboten pisah. Tegesipun punika ngibarating solah kaliyan bawa, katingalipun boten pisah punika dening kasaringan ing karsa.
27. Katingal tunggal. Punika ngibarating pramana kaliyan sipating netra mboten sanes.

28. Medial katingal. Tegesipun punika ngibarating wedaling Dat wonten ing lesan katingal saking suwara.
29. Katingal amedalaken. Tegesipun punika ngibarating wedaling napas kados wonten kang amedalaken.
30. Manawi kapejahan boten kening risak. Dados ngibarating jasad kaliyan roh. Manawi jasad punika pejah rohipun mboten risak. Mila dipun basakaken alip muta kalimun wakhid tegesipun: sipatipun kang ngandika sakecap tanpa.karana lesan, inggih punika rupa kang sejati, dumunung ing roh kita pribadi.  
Wonten ingkang mastani manawi alip muta kalimun wakhit punika lekikaning lathi ing nginggil. Saking watawis mbokmanawi kapendhet saking pamrayogi kemawon, sabab lekikaning lathi ing nginggil punika taksih kening resik.
31. Manawi karisak boten kening pejah. Dados ngibarating napsu kaliyan rahsa. Manawi napsu punika kapekak, rahsa nipun boten sirna, amargi taksih karaos darbe cipta, mila dipun basakaken alip matili, tegesipun sipating cipta, dumunung ing rahsa kita pribadi.
32. Suka lila tega ing pejah. Punika dados ngibarat kayek tosani-pun tiyang pejah, anglampahi tigang prakawis:
  - 1). Suka: Dene rumaos badhe angsal kabingahan salebeting jaman kasampurnan.
  - 2). Lila. Dene sampun lila dhateng samukawis tetilaranipun.
  - 3). Tege. Dene sampun rumaos tega anilar dhateng katresnan, inggih punika anak bojo mitra ingkang sami kantun sedaya.

Ingkang kaping nenem *Akal, tegesipun budi.*

(Tesih sambetipun urutan naminipun wahananing Dat, kasebut ing bab: sewelas). .

Punika sajatosipun inggih namun satunggal, ananging dipun namani dados gangsal pasebutan. Manawi kaetang dalah ingkang rangkep nama dados pitung pasebutan, sami anartani dhateng ngibarat namaning manah, kadadosanipun anunggil pasebutan kados ing ngandhap punika:

1. Budi maknawi. Inggih manah maknawi, tegesipun wahyaning budi.
2. Budi sambari. Inggih manah sanubari, tegesipun wahana ning budi.
3. Budi suweda. Inggih manah suweda, tegesipun woding manah, dados ngibarat kahananing budi.
4. Budi puas. Inggih manah puas, tegesipun woding jantung, dipun namani budi jaki, utawi manah joki, tegesipun manah suci, dados ngibarat pramananing budi.
5. Budi siri. Inggih manah siri, tegesipun rahsaning manah dipun namani budi safi utawi manah safi, tegesipun manah wening, dados ngibarat pangraosing budi.

Dene manawi kapratitisaken pakartining budi punika wasi yatipun kaki guru marhum Sanaragastra kawiyos dados kalih prangkat kapratelakaken kados ing ngandhap punika:

Inggang sak prangkat dipun wastani poncamaya.

Tegesipun osik gangsal, inggih punika pangwasaning budi ingkang taksih sinuksma ing dalem rahsa, wijang-wijanganipun dados tigang angkatan sami gangsal pakarti.

1. Dipun wastani *locita*. Tegesipun karenteking batos, kasebut nama lingga maya, tegesipun jumenenging osik, kadosta: ambeg, wateg, grahita, esthi, cipta.
2. Dipun wastani *ortika*. Tegesipun panglarasing batos, kasebut nama cipta maya, tegesipun wedaling osik utawi wahananing osik kadosta: angkara, birahi, sedya, karsa, garjita.
3. Dipun wastani *unadika*. Tegesipun ungeling batos, kasebut nama wahya maya, tegesipun wedaling osik, kadosta: pangraos, panginten, panyana, pnyakra, pangongka.

Inggang sak prangkat malih dipun wastani ponca driya, inggih punika pangwasaning budi ingkang sampun kawedhar ing dalem rahsa. Wijangipun dados tigang angkatan sami anggansal pakati kados ing ngandhap punika:

1. Dipun wastani *karmen driya*. Tegesipun purbaning budi, kadosta: paningal, pamiyrsa, pamiraos, pangraos.

2. *Antarendriya*. Tegesipun antawising budi, kadosta: keketek, napas, kedheping netra, raosing lidhah, kenyaming lathi.
3. Dipun wastani *jayaningdriya*. Tegesipun wisenaning budi, kadosta: karaosing kulit, jubur, asta, suku, parji.

Ingkang kaping pitu *Jasad, tegesipun badan*. Punika sajatosipun inggih namun satunggal, ananging dipun namani dados kalih pasebutan.

1. *Jasad turab*. Tegesipun badan kadadosan saking lebu, winastan jisim, dipun basakaken badan jasmani, inggih punika badan wadhak.
2. *Jasad latip*. Dipun basakaken badan rohani, tegesipun badan alus, winastan jirim, inggih punika badan sukma.

Menggah saking janjinipun badan wadhag kaliyan badan alus punika boten kenging pisah. Sangkan paraning anunggil kahanan jati, upami satu mungging rimbagan, ananging wawangsulun ing tembe badan wadhag punika luluh sampurna wonten sak lebeting badan alus, kalimputan dening khayu da'im, tegesipun gesang kang tetep dumunung ing kahanan kita pribadi. Mila dipun pralambanging rongka manjing curiga, tegesipun badan wadhag dumunung sak lebeting badan alus.

Kala badan wadhag dados embanan, lambangipun curiga manjing rongka, tegesipun badan alus taksih dumunung wonten saklebeting badan wadhag.

Mila wonten andhah-andhahaning bebasan kados makaten:

Jasad embananing budi. Budi embananing napsu. Napsu embananing karsa. Karsa embananing angen-angen. Angen-angen embananing sukma. Sukma embananing rahsa. Rahsa embananing cipta. Cipta embananing kuwasa. Kuwasa embananing wisesa. Ingkang dipun basakaken jasad punika badan wadhag, budisak panunggilanipun punika badan alus. Sumongga ing panggali.

## Pangluluhan

Dene pratikelipun pangluluhaning badan wadhag wau manawi

wasiyat dalem ingkang sinuhun Paku Buwana ingkang kaping sepisan, kenging kaltih saking anglampahi tapa brata kados ing ngandhap punika:

1. Sesuci. Dipun taberi siram ing wanci enjing.
2. Angengirangi dhahar, tegesipun dhahara manawi sampun lu we.
3. Ngengirangi ngunjuk, tegesipun angunjuka manawi sanget kasatan.
4. Ngengirangi sare, tegesipun sareya manawi sampun arip.
5. Angawis-awisi pangandika. Tegesipun angandika ngangge wahyaning mongsa kala.
6. Anyuda sahwat. Tegesipun asahwata kaliyan garwa manawi sanget kangen. Sampun ngantos jina.
7. Ambirat napsu. Tegesipun sampun ngantos angumbar hawa, angagema budi trima, lila, temen, utami. Sak lebeting riku sampun pegat anyiptoa ajal antukan kados ngandhap punika.

”Jagad bumi ngalam kabeh sumusupa maring badan, badan-sumusupa maring budi, budi sumusupa maring napsu, napsu sumusupa maring nyawa, nyawa sumusupa maring rahsa, rahsa sumusupa maring cahya, cahya sumusupa maring atma, atma sumusupa maring Dat, Dat sumusupa maring ingsun, ingsun jumeneng pribadi tanpa timbangan tanpa lawanan ana ing kalara-tingsun kang amaha mulya maha suci sejati saka ing kodratingsyn.”

Manawi saged kalampahan makaten, angger boten kawistara sarta taberi dumunung ing asepen, inggih walahualam katarimani-pun.

Dene badhe waskitha sajatosipun dununging asepen, punika sak kaliring rupa kita kapasrahaken dhateng ingkang adarbe rupa, sak kaliring swara kita kaantukaken dhateng kang darbe swara, paningal kita, pamyarsa kita, pamiraos kita, panggonda kita, pangraos kita, sami kawangsulna dhateng sangkanipun piyambak-piyambak. Menggah ananing Dat kita punika awarana wahana ing sipat kita katondha ing solah bawa kita.

Wonten wardinipun malih makaten: Bothok bantheng menika mani, godhong asem punika pawestren, alu bengkong punika

pajaleran. Ananging makaten punika mboten prayogi manawi kadamel reraosan ing akathah, kenging dipun wiraosaken amung kaliyan ingkang sampun sami nunggil ngelmi sarta ingkang sampun katuwuhan dedugi, tegesipun sampun langkung tengah tuwuh. Manawi kawiraosaken dhateng ingkang dereng darbe dedugi mindhak karumiyan tuwuh amargi dereng dumunung wahananing tumuwuh. Liripun wonten riwayating para sepuh medal saking khadis kados ingkang kapratelakaken ngandhap punika:

